ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№41 (22.699) • 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghejale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий яхуэзащ Украинэм щыщ альпинистхэу Шевченкэ Тарас къыззэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъум и щIыхькIэ усакIуэм и цIэр зезыхьэ щыгум дэкIыну зызыгъэхьэзырхэм

Дыгъуасэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий альпинизмэм и ветеранхэу Украинэм альпинизмэмкIэ щIыхь зиIэ и тренер, Альпинистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм хэт Зайдлер Александр, спортым и мастер Шабохин Виктор сымэ яхуэзащ. Абыхэм я мурадыр ди республикэм Шевченкэ Тарас и цIэр зезыхьэ и къыдым Украинэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я альпинистхэм ящIыкуу дэкIыну. Метр 4200-рэ зи льагагъ щыгум абыхэм трагъэувэнущ усакIуэшхуэм и фешIыр.

МЫ ЩЫГУМ и цIэр абы яп дыдэу 1939 гъэм дэкIауэ щытахэм фIащащ. ХьэщIэхэм зэрыжаIэмкIэ, къэрал зэхуаку олимпиадэр ирырагъэхьэлIащ усакIуэр къыззралъхурэ илъэс 200 щрикъум.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщхьэхукIащ мы Iуэхум мыхьэнэ хэха зэриIэр, ар урыс ей, украинэ цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм я дамыгъэу зэрыщытыр. Абы и мыхьэнэр нэхъри льагэ ящI мы зэманым Украинэм ехьэлIауэ ди нэгу щIэкIэхъ. Къэралгъэм зэщIыгъуу дэкIыну зэрызэгурыIуар аргуэру зэ щыхьэт зэхуэдитIым я щIыхухэм зэхэщIыкI льагэ зэрелIэм икIи ахэр зэкъуэту псэуну зэрыхуейм.

Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр альпинистхэм ехьэхьхуащ яубзыхуа Iуэхур тэмэму зэфIагъэкIыну икIи Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэр кьызэщ суратхэр щызэхуэхьэса альбом тыгъэ яхуищIащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iап Iэ.

● Абы дегъэпIейтей

КЪБР-м и Унафэщ Iыр тогуэзвыхь

Украинэм щыIэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм я Iэтащхьэхэм Урысейм терроризмэм зыщегъэувыгъун хуейуэ зэрыжаIэр аргуэру зэ щыхьэту тоувэ я къэралым щекIуэкI Iуэху мыщхьэмыпэхэр КIуэтэжу нэхъ щынагъуэ зэрыхъум, жиIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий.

КЪЭРАЛЫМ ис цIыхухэм я нэхъыбапIэм зэрыдамыIыгъым къыхэкIыу, щытыкIэр зэпымыууэ зэIызыгъыхэхэ къарухэм зэIухауэ зыхуагъазэ терроризмэм пыщIахэм, абыхэм Кавказ Ищхьэрэм щыIэхэри яхэту. Иджыпсту къэхъукъащIэ псори къызэтегъэувыIауэ конституцэ лъабжьэм теувэжьыпхъащ, фIым хущIэкъу псори зэкъуэузэн хуейщ зы мурад хэха - щIыхуэкIэ зэрыхэкIуадэр икIэщIыпIэкIэ къызэтегъэувыIэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу къызэгъэпэщын хуейщ украин къэралыгъуэм адэкIэ зэрызиужьыну гъуэгур щIыхубэм къыхахынымкIэ Iэмалхэр.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iап Iэ.

● Коллегиехэр

IэнатIэм зэрызрагъэужьыным хущIокъу

Ди газетым зэрытетащи, мазаем и 28-м КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ Узышнагъэр хъумэнымкIэ министерствэм къызэриIэтащ зэIущIэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий.

КЪБР-м УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ зэпкърыхауэ тепсэлыхьащ 2013 гъэм министерствэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэмрэ адэкIэ кьапэщIыхьэмрэ. Абы и псалъэм щIыгъэнэщIакIэ, Iэнатlэм гулытэщхуэ щыхуащI республикэм и щIыхухэм я зэшнагъэр егъэфIэкIуа зэрыхъуным. Узышнагъэр хъумэн IэнатIэм къалэн нэхъыщхьэу щыIэхьугъэувыжахэм ящыщщ щIыхухэр зэкIэлъыптыжьын, зыхуэсакъыжьын зэрыхуейр нэсу зыхегъэщIэныр.

- Республикэм эпымыкуу щыпсэу щIыхухэм я бжыгъэр 858946-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 202116-р сабийщ, - жиIащ министрым. - Республикэм и демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Узышнагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ щыIэ программэм нэхъыбэу гулытэ зыхуищIыр сабийхэрэ анэхэмрэ хуащIэ медицинэ Iуэхугъэхьэхэм хэгъэхъуэныгъэ. ИрагъэкIуэкIа лэжьыгъэкIэ, 2013 гъэм дунейм ехыжа сабийхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуащ. Министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, абы и лъэныкъуэкIэ Инщэ Федеральнэ округым зи Iуэху щынэхъыфIэхэм ящыщщ ди республикэр.

- А лэжьыгъэм екъуалIэныгъэхэр щызыIэрыдгъэхъэнымкIэ зэфIэдгъэкIаХэр машIэкъым, - жиIащ Шэтым. - Апхуэдэу дохутырхэм я Iэзагъэм, щIэныгъэм хэдгъэхъуэным гулытэшхуэ худощI, иджыпей IэмэпсымэхэмкIэ IэнатIэр къызэрызэдгъэпэщыным, щытыкIэ тэмэмхэр абыхэм щызэтеубIэным дыхущIокъу. 2013 гъэм Налшык кьалэ клиникэ смаджэщ №1-м зы бзылъхугъэ лъхуГъэм щиIыкIауэ щытащ. Дохутырхэм я емыгугъэныгъэм къызжIыкIэ къызхуауэ Iуэхур зэрыхэтыр зэхэдгъэкIащ икIи абыкIэ къуанщхэм жуаеп яхьащ. Анэмрэ сабийрэ я узышнагъэм епха дэтхэнэ зы Iуэхуми ткIийуэ, жуаеплныгъэ пылъу дыбгъэдохэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КIУЭКIУЭ Юрий: **«Щ Iыхухэм я узыншагъэмрэ гъащIэмрэ хъумэным нэхърэ нэхъыщхьэ социальнэ къалэнхэм яхэткъым»**

2013 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм ятеухауэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и коллегием иригъэкIуэкIа зэIущIэм КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къыщипсэлъар

Медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм фIагъ льагэ яIэу, ахэр цIыхухэм къагъэсэбэпыфу щытын хуейщ

ЦIыхухэм я узыншагъэмрэ гъащIэмрэ хъумэным нэхърэ нэхъыщхьэ социальнэ къалэнхэм яхэткъым. Абы къыхэкIыу къэралым и унафэщIхэм мыкъэнэшхуэ зиIэ а Iэнатlэм хуащI гулытэм гъэ хохьуэ. Абы и щыхьэт нэхъыщхьэ узышнагъэр хъумэнымкIэ, Iэнатlэм зегъэужьынымкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр щыубзыхуа икIи зэрагъэзащIэм къэралым и Iэтащхьэр езыр хэхауэ зыкIэпыплъ укъэхэу Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм и накьыгъэ мазэм къыдигъэкIаХэр. Ахэр нэсу гъэзэщIэным узышнагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэ псори хуэунэтIауэ щытын хуейщ, сыту жыIэмэ абы Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхухэм я узыншагъэр, апхуэдэу щыщыткIэ - я къэкIуэнур зыхуэзгъэр, апхуэдэу щыщыткIэ - я къэкIуэнур зыхуэздэнур елъытащ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжьымэ теухуа программэм Iэхуэгъуэ куэд къызэщIеубыдэ. Ауэ мурад нэхъыщхьэм зихъуэжыркъым - ар медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтынымрэ а Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм къагъэсэбэпыфу щытынымрэщ, узышнагъэр хъумэнымкIэ Iэхуэщ Iап Iэ псоми я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэнырщ.

Мис а къалэн нэхъыщхьэм тещIыхьауэ къызэгъэщыну сыкуэйт республикэм узышнагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэм зегъэужьынымрэ нэрылъагъуэ къэзыльхьэ икIи цIыхухэм гукъанэ нэхъыбэ къезыт Iуэху зыбжанэ.

Сымаджэхэм езыхэм хущхъуэхэр къащдэхуужыну я къалэнкъым

ЦIыхухэр хущхъуэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ иджыпсту цIыхухэм щеIзэз Iуэхущ Iап Iэхэм я нэхъыбапIэм хабзэ щыхъуауэ, сымаджэхэм езыхэм хущхъуэхэр къащдэху, абы папщIэ къэралым ахъшэ хуиутIыпщ пэтми. Абы цIыхухэр ирохъэуэхэ, республикэм исхэри дохутырхэм, зэрыщыту узышнагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм хуэмыарэзыж мэхъу. Министерствэм япэ дыдэ ирагъэщын хуей и къалэнхэм ящыщщ абы и лъэныкъуэкIэ хабзэ ткIий гъэувыныр, медицинэ Iуэхущ Iап Iэ псоми сымаджэхэр хущхъуэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщыр икIщыIыпIэкIэ зэхъуэкIыныр. Апхуэдэу цIыхухэм зыубгъуауэ ягурыгъэIуэн хуейщ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щIэнэщу къызэгъэпэщынымкIэ системэм хэт Iуэхущ Iап Iэхэм ятеухуа информацэм щыгъуазэ защIын папщIэ. Медицинэ Iуэхущ Iап Iэхэм пщIэкIэ зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэри мы зэманым щыIэщ. Мис а Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ зэIуауэ икIи дэтхэнэми щыгъуазэ зищIысфу щытын хуейщ.

Медицинэм и лэжьакIуэхэм я Iэщ Iагъэм хэгъэхъуэныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ

Иджырей Iэмэпсымэхэм ирилэжьэф Iэщ Iагъэлiхэр республикэм къызэремэщIэкIыр нэрылъагъущ. Узышнагъэр хъумэнымкIэ министерствэр егуГуу хэпльэн хуейщ медицинэм и лэжьакIуэхэм я Iэщ Iагъэм зэрыхагъахъуэм. Иужьрей илъэсхэм «Узышнагъэ» лъэпкъ проект пэрытым ипкъ иткIэ, бюджетым и ахъшэкIэ лэжьакIуэу 239-м я Iэщ Iагъэм хагъахъуащ. Дэтхэнэ зы дохутырми илъэситку къэс Iэщ Iагъэм щыхагъахъуэу курсхэр къиуухи икIи медицинэ Iэжьыгъэ иригъэкIуэкIыну хуит зэращIымкIэ сертификат къыIихын зэрыхуейр къэпльытмэ, ар икъукIэ мащIэщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Мэкъумэшыщ Iэхэм щ Iыхуэ яхухех

● Банк Iуэхухэр

Урысейм и ХъумапIэ банкым сом меларди 2,78-рэ и уасэ «Прохладнэ» ОАО кредит линэ къыззIуихащ. Ар илъэси 8 пIалъэм тещIыхьащ. Хуэдизкъым. Къэбэрдей-Балькъэрым и къэрэдей хадзэкI комплекс щаухуэнущ.

ПРОЕКТым ипкъ иткIэ, илъэсым хадзэкIыу тонн мин 75-рэ къыщагъэкIыну, щахъымэну, щелэжьыну, щащэну комплекс къызэрагъэпэщынущ. Тонн мин 50-м хуэщIа щыIалъэхэм сату щIыпIэхэм гъэ псом хуауэ Iыпщыну хадзэкI къыщIэчагъащIэхэр щахъымэнущ. КъыщыпмэщIауэ, ми инвестицэ проектым и фIыгъкIэ, республикэм и цIыхухэм лэжьапIэ IэнатIэщIэу 245-рэ къыхуэзIуахынущ.

- Нобэ банкым щIыхуэ къэщтэкIэм и Iэмал гъэнэхуаехэр, абыхэм я зегъэкIуэкIэм теухуа хэкIыпIэхэр мэкъумэщыщIэхэм куэду яхуегъэлъагъуэ. ЩIыналъэ рынокым хьэхьэныкIэ, зыхуей чэнджэщхэр ягъуэтыныкIэ, къызэгъэпэщынигъэ Iуэхухэр зэфIэхьыныкIэ ахэр щIэгъэкъуэн яхуэхьунущ, - къыхигъащащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ Iап Iэм и унафэщI Багъэтыр Анзор.

КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий

Дыгъуасэ КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий альпинизмэм и ветеранхэу Украинэм альпинизмэмкIэ щIыхь зиIэ и тренер, Альпинистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм хэт Зайдлер Александр, спортым и мастер Шабохин Виктор сымэ яхуэзащ. Абыхэм я мурадыр ди республикэм Шевченкэ Тарас и цIэр зезыхьэ и къыдым Украинэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я альпинистхэм ящIыкуу дэкIыну. Метр 4200-рэ зи льагагъ щыгум абыхэм трагъэувэнущ усакIуэшхуэм и фешIыр.

МЫ ЩЫГУМ и цIэр абы яп дыдэу 1939 гъэм дэкIауэ щытахэм фIащащ. ХьэщIэхэм зэрыжаIэмкIэ, къэрал зэхуаку олимпиадэр ирырагъэхьэлIащ усакIуэр къыззралъхурэ илъэс 200 щрикъум.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщхьэхукIащ мы Iуэхум мыхьэнэ хэха зэриIэр, ар урысей, украинэ цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм я дамыгъэу зэрыщытыр. Абы и мыхьэнэр нэхъри льагэ ящI мы зэманым Украинэм ехьэлIауэ ди нэгу щIэкIэхъ. Къэралгъэм зэщIыгъуу дэкIыну зэрызэгурыIуар аргуэру зэ щыхьэт зэхуэдитIым я щIыхухэм зэхэщIыкI льагэ зэрелIэм икIи ахэр зэкъуэту псэуну зэрыхуейм.

Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр альпинистхэм ехьэхьхуащ яубзыхуа Iуэхур тэмэму зэфIагъэкIыну икIи Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэр кьызэщ суратхэр щызэхуэхьэса альбом тыгъэ яхуищIащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iап Iэ.

Гъуэгуанэ кIыхь

Урысей МВД-м и Iэнатlэм хыхьэ Эксперт-криминалист кьулыкъур къызэрызэрагъэпэщыр гъатхэпэм и 1-м илъэс 95-рэ ирикъуащ. Абы теухуа зэIущIэ гуапэ КЪБР-мкIэ МВД-м щекIуэкIащ.

IУЭХУЩIАПIЭМ и лэжьакIуэхэм, ветеранхэм я махуэшхуэмкIэ екъуэхуащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КЪБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант **Васильев Сергей.** Криминалист-эксперт кьулыкъум и зэфIэувэныгъэм, игъуэта зыужьныныгъэм тепсэлъыхьащ, иджы ар кьалэн куэд зэфIэзых министерствэм и Iэнатlэу зэрыщытыр кьыхихгъэщащ абы къызэхуэсахэм защыхуигъаазэм.

Мы зэманым эксперт-криминалистхэм я Iэщ Iагъэм фIыуэ хащIыкIыу, ветеранхэм я Iэзэгъэр кьагъэсэбэну, сыт и лъэныкъуэкIи къызэрэпэщауэ, екъуэлIэныгъэфIэр яIэу я кьулыкъу кьалэнхэр зэфIегъэкI. Министрым жиIащ адэкIи я пщэрыльхэм зэрыпэлъэщынур, и чэзум икIи екIуу зэрызэфIахьнур и фIэщ зэрыхьэр.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм узышагъэ быдэ, гъащIэ кIыхь, насып, зэIуэзэпэщыгъэ яIэмэ, екъуэлIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэмэ зэрыгуапэри жиIащ.

КЪБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым и унафэщI полицэм и полковник **Архэст Хьэсэн** эксперт кьулыкъум и тхыдэмрэ и зыужьныныгъэмрэ кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КЪБР-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Бабаев Алим** экспертхэр жыдэжру кьаззрыдэлажьэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ, законымрэ захуагъэмрэ кьулыкъу хуэщIэным екъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэмэ зэрригуапэр жиIащ.

Эксперт-криминалист кьулыкъум и ветеран, отставкэм щыIэ милицэм и полковник **Мыщхьуэж Анатолий** юбилей бжыгъэ дахэр зыгъэлъапIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ, эксперт цIэр я щхьэр лъагэу гъащIэм зрыкIуэцIрахмэ зэригуапэр кьыхигъэщащ.

КьыхэжаныкIа лэжьакIуэ нэхъыфIхэм, ветеранхэм юбилей медалхэр, щIыхь тхыльхэмрэ фэепль саугъэтхэмрэ яритащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Адыгэ унэм кьеблэгъащ Козак Дмитрийрэ Ткачёв Александррэ.

● Сочэ- 2014

Адыгэхэм ятеухуауэ

Олимп Джэгуэр щекIуэкIа Сочэ щагъэува Адыгэ унэм кьекIуэлIэхэм я закъуэтэкым адыгэхэм я тхыдэр, абы и дыгъуасэмрэ нобэрей гъащIэмрэ зыфIэгъащIэгъуэныр. Посэ хуэмыдэжу хамэ къэрал журналистхэр зыщIэупщIэр куэд хьурт.

ПЭЖЫР жыпIэнумэ, шапсыгъэхэм ипэIуэми журналист куэд ятетхьыкъу щытащ. Махуэ кьэс жыхуаIэм хуэдэу, Сочэ и адыгэ хьэблэхэм урысей, хамэ кьэрал газетхэмрэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ Iап Iэхэмрэ я журналист пажэхэр кьахуоблагъэ, зрагъэщIыкI.

Журналистхэм гулытэ хэха зыхуащIар, зэхуэсыпIэу щытар ШахэкIеишхуэщ. Апхуэдэ гулытэ егъэлеяр кьызыхэкIар ижь-ижьыж льандзрэ Убыхэмрэ Шапсыгъэхэмрэ щыпсэуа щынальэм и Гъунапкъэхэр зэрыабдежырщ. Абы сыт щыгъуи хьыбар гъэщIэгъуэнхэр щызэхэпхынущ. - Олимпиадэхэр щекIуэкI махуэхэм кьриубыдэу ди деж хьыбарегъащIэ Iэнатlэу тIощитIым нэблагъэ я лэжьакIуэ кьеблэгъауэ кьыщIэкIынущ, - жиIэ ШахэкIеишхуэ округым и Iэтащхьэ **Берд Руслан**. - Кьыхэсэщыпхъэщ, хамэ къэрал кьакIа журналистхэр зэрыкIэхьыбэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

хьэбэ щекIуэкIынущ «Футболыр тхьэмыщкIагъэм и бийщ» акцэм хьыхь 11-нэ зэIущIэр.

Абы куэд дыдэ поплъэ, сыту жыпIэмэ «Зидан Зинединрэ Рональдэрэ я ныбжьыгъуэр» зыфIащащ гупымрэ Швейцариемрэ и «Янг Бойз» командэмрэ я зэIущIэр гъэщIэгъуэн зэрыхъунум ишэч хэлъхьым. Псалъэм папщIэ, ягъэрей гупым хэтыну зи цIэ къраIуахэм ящыщщ дуней псом цыщIэрыIуэ топджагуэу Мальдини, Каннаварэ, Дзамброттэ, Феррейрэ, Зидан, Виейра, Пирес, Карамбё, Фигу, Соуэз, Недвед, Гаттуэз сымэ. Джэгум еплъыпщIу кьыщыхахыну ящIащэр хуагъэхьынущ нэгъабэ щэкIуэгъуэм и 8-м Филиппинхэм ящIэуа «Хайянь» псыдзэм и зэран зэкIаxэм.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, абы цIыху минипщIым нэблагъэ хэкIудауэ, мелуан ныкъуэм нэс псэупIэншэу кьиГъэнауэ щытащ.

«ИкъукIэ си гуапэ хъуащ а зэIущIэм сызэрыраГъэблагъар. Ильэс хуэдкIэ сриГъащхьэхъэумэу щытащ «Милан» командэм. Иджы тхьэмыщкIагъэм щысхъумэну сыхуейщ гъэзэгъэуэ хэхуахэр», - жиIащ сакъыщхьащыжынущ и хэта Мальдини Паолэ.

НОБЭ

♦1846 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Кьаз-Джрий и «Зи щIыхьыр ин къэрал тетым и дек» письмор.

♦1918 гъэм Тэрч ЦIыхубэ Республикэр къэунэхуащ

♦Мысырым щызэхэтынущ Хьэрым конференцым и 41-нэ оессиер. Ар пэжыгъэмрэ цIыхухэм IэнатIэ яIэнымрэ пыщIа Iуэхухэм ятеухуауэ щытынущ.

♦Ульяновск щыщIэзIуаныщ «Волга-Арена» Спорт» зарудэнэр. Мыпым пыщIа спорт лIэужьыгъуэхэм зыщыхьхуагъэсэну а ухуэныгъэр тещIыхьащ зэуэ цIыху минитху зэIущIэхэм кIасыпынным.

♦Гъатхэпэм и 4 - 7-хэм Гаагэ щекIуэкIынущ Химие Iащщэр мыдзнымкIэ зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ советым и 75-нэ зэхуэсыр.

♦РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Лужина Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу. Iуащхьэмахуэ пIаПэ щытраха «Вертикаль» фильмми, нэгъэущI куэдми щыджэгуащ.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБКъМУ-м и профессор **КIуэкIуэ Таладин** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэн Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Радиожурналист **Хьэмту Къадир** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Абхъаз Республикэм и президенту щыта, Абхъазым и ЛIыхъужь **Бэгъэпщ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и къэлэ корреспондент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Котляровэ Марие** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и ныбжьыр **Къуэшыпокъуэ Залым** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, жэщым уэшх къыщещынкIынущ. Хуабэр махуэми жэщми градуси 4 - 5 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырыр **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Дунейм щыхъыбаржэр

Я Iуэху еплъыкIэхэр зэтохуэ

Дунейм и хьыбарегъащIэ Iуэхущ Iап Iэхэм гулытэ нэхъыбэ дыдэ зыхуащIыр мы махуэхэм Украинэм къыщыхьухурэщ.

Мазаем и 22-м Украинэм и унафэщIхэр зэрыгъэгъэкIа щыкIэм, конституцэр зэрахъуэжам уигу кьигъэкIыр хабзэншагъэкIэ къэрал властыр зыIэщIэуфыдэныкъ - апхуэдэу кьалъытэ политолог куэдым. Къэралым и щIыпIэ куэдым, бжьэ кьэпщIам хуэдэу, щIыхуэр щIэзэрызохьэ. ПсалъэмпащIэ, Киев щыпсэукъэм я нэхъыбапIэр зэхъуэжыныгъэхэм арэзы техъуэмэ, Кърымымрэ Севастополь и кьалэ советымрэ Украинэм и властыщIэм и унафэ щIэувэн ядэркъым.

А къэралым и гъунэгъу Урысейри зысныкъуэкIэ кьыщыт хъуркъым, Украинэм щыпсэу урысхэм кьащIэхьащыжын кьалэныр и пщэ кьыдохуэри. ЩытыкIэм игъэгъавэу телефонкIэ зэпсэльащ УФ-мрэ Китаймрэ нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ я министрэху Гъэ Сергейрэ И Ванрэ.

«Къэрал щIыб политикэ Iуэхущ Iап Iэхэм я унафэщIхэр Украинэм щекIуэкIэхэр кьаззрыщIыхьумкIэ зэхъуэжащ. Къызэрыкъагъэщащи, абыхэм я Iуэху ящыщ Iуэхуэр куэдкIэ зэтохуэ», - щIыжаIащ УФ-м и МИД-м.

ТхьэмыщкIагъэм и бийуэ

Берн (Швейцарие) ныщ-

Лъэпкъ Iуущ Iыгъ:

Зэхьэзэхуэ мэунэри, зэижитI мэунэхъу.

Дунейм и щытыкIэ

МэшбащIэ Исхьэкъ УФ-м и Жылагъуэ палатэм ягъакIуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Жылагъуэ палатэм и уэлущIэм Адыгейм кьмбзэдэкIыу УФ-м и Жылагъуэ палатэм кIуэнур кьыщыхахащ. Псом зэгурымыуэ апхуэдэ дыдэх иригъэзащ Адыгейм и Iуэхуэ тхакIуэ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ.***

МЭШБАЩIЭМ и пщэрыльхэр зыщIэкъащIахащ икIи дызэрыгъэпсыну и кIэ пщIондэ АР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI къалэнхэр Ачмыз Къазбэч игъэзащIэнущ.

МэшбащIэ Исхьэкъ 1931 гъэм накьыгъэм и 28-м Краснодар крайм хыхьэ Успенскэ районым и Урыпкъуэкм къыщалъхуащ. «Лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэ», «Хэкум деж щIэ фIыщIэм папщIэ» IV нагъыщэ орденхэр, «Мамырыгъэм и бэнакIуэ» дыщэ медалыр кьыхуагъэфэщащ, СССР-м, Урысейм, Адыгейм я къэрал саугъэтхэм я лауреатщ, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри иIэщ. МэшбащIэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ бзэ зэмыльIэужьыгъуэ куэдхэмкIэ щыгъэрадзэкIа тхыльхэр.

ПсыжапIэхэр ягъэкъабзэ

Адыгейм Чичерин, Чехрак псыхэм я псыбжьхэр съкъэбзэн щыщIадзащ икIи лэжьыгъэр гъатхэпэм и кIэм яухуэм я мурадр. ПсыжапIэхэр щыуасэ хуэхъэзыным сом мелуан 38-м щIигъуэ хуэхъаи.

УРЫСЕЙ МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу Адыгейм щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ Абрэдж Къапльэн зэрыжиIамкIэ, гъатхэ псы уэрым и зэран лэжьыгъэм емыкIыным, щытыкIэ кьызэрымыкIуэ кьызыгъэхъуным ехьэлIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри ирагъэкIуэкI.

Домбейхэр кьашэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***WWF-мрэ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-мрэ хэту КъШР-м и Теберда заповедникым къыща домбейхэр (зубр) щыIэным еплъыкIэ щIыIэс вольерхэм къыкIуэр щIыуэпсым хуиту зыщагъэкIыжь.***

ЗАПОВЕДНИКЫМ и унафэщI Джуккаев Таулан зэрыжиIэмкIэ, илъэс 40 хьауэ, апхуэдэ псэущхьэхэм щIэуэ зыри къыхагъэхъуатэкъыми, Iуэхум зэгъэпIалъэкI имыIэу ящIыхьащ. Къыхалъха проектыр пхагъэкIын папщIэ я ныбжькIэ зэщхьэщыкIыу 10 кьрашэлIащ. 2013 гъэм и ахэр хуиту щIыуэпсым хауГ Iыпщхьащ.

Апхуэдэу щытми, заповедникым и унафэщIхэм зытетыпхъэ пщалъэ кьалытэу, ветеринар щIрыIуэхэм я чэнджэщхэр кьагъэсэбэпу щIыпIэм ахэр зэрагъэзэжыным ящIыхь итщ, Iус зэхэлърэ мэкъукIэ ягъащхэ.

УЭРДОКЪУЭ Жени.

«ЦIыхухэм я узыншагъэмрэ гъащIэмрэ хъумэным нэхърэ нэхъыщхьэ социальнэ къалэнхэм яхэткъым»

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

А щхьэусыгъуэри хэтщ ахъшэшхуэ зиуасэ иджырей Iэмэпсымэхэр тэмэму къызэрамыгъэсэбэпыфым. Псори зэхэту сом мелуани 142-рэ зи уасэ апхуэдэ Iэмэпсымэу 75-рэ нобэм ирихьэлIэу ямыгъэувауэ щыIэщ, абы нэмыщI сом мелуани 144-рэ зи уасэ Iэмэпсымэу 76-рэ яхуэгъэлажьэркъым зыщIэт пэшхэр нэсу хьэзыр зэрымыхъуам е зыхуэфащэ IэщIагъэлIхэр зэрамыIэм къыхэкIыу. А щIыкIэм тету, къэрал ахъшэу сом мелуан 300-м нэблагъэ зытрагъэкIуадэу къащэхуа Iэмэпсымэхэр сэбэп лъэпкъ къыпамыхыу щытщ икIи жьы мэхъу, зэIуохьэ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр мылъкумрэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар икъукIэ зэрызэкIэлъымыкIуэр къэплъытэмэ, апхуэдэ емыгугъуныгъэр къуаншагъэшхуэу къэплъытэ хъунущ.

КъБР-м щыпсэухэр цIыху мини 10-м ятещIыхьауэ дохутырхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар ику иту Урысейм елъытауэ къыкIэроху

Зэпымыууэ гулъытэ зыхуэщIыпхъэщ IэнатIэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар. Мы зэманым республикэм исхэм ящыщу цIыху мини 10 къэс дохутыру 38-рэ хуэдиз яхуэзэу аращ. Ар ику иту Урысейм елъытауэ нэхъ мащIэщ. Иджыпсту республикэм дохутыру 700 хуэдиз хурикъуркъым, абыхэм ящыщщ реаниматологхэр (99-рэ), психиаторхэр (26-рэ), педиатрхэр (132-рэ), медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и дохутырхэр (40), нэгъуэщIхэри. Абы къыхэкIыу дохутырхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэм зэман благъэм къриубыдэу хэплъэжу зэрагъэзэхуэжын хуейщ. IэнатIэр, псом хуэмыдэу къуажэхэм щыIэ IуэхущIапIэхэр, IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр республикэм и дежкIэ Iуэхушхуэщ икIи ар гъэзэщIэнымкIэ сэбэп хъун хуейщ «Къуажэ дохутыр» программэр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм къита бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, 2011 - 2012 гъэхэм къуажэхэм щылэжьэн папщIэ IэщIагъэлIу 136-рэ ягъэкIуащ. Ауэ апхуэдэ бжыгъэм и пэжагъым шэч уегъэщI. Программэм хиубыдахэм ящыщу а зэманым интернатурэхэмрэ ординатурэхэмрэ щеджар цIыху 45-рэ къудейщ. Къэралым къыбгъэдэкIыу дэIэпыкъуныгъэу сом 1 мелуанрэ мини 100-рэ зратахэм я нэхъыбапIэр мы программэм документкIэ ирагъэзэгъауэ аращ. Куэдрэ къэхъуащ илъэс бжыгъэкIэ зыхуэфащэ медицинэ IуэхущIапIэхэм щылэжьа дохутырхэр а IуэхущIапIэхэм «щIэуэ ягъэкIуа IэщIагъэлIхэм» щыхрагъэубыдэ. Арати, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм къигъэсэбэпа ахъшэмкIэ IэхъуэгъуэтегъэкIыу отчет итхыжащ. Егъэлеяуэ ахъшэшхуэ зэрагъэкIуэдам сэбэпынагъ щIагъуэ къррикIуакъым. Къуажэ амбулаторэхэм зыхуейм хуэдиз IэщIагъэлI ямыIэу къекIуэкIащи, иджыри апхуэдэ дыдэу къонэж.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ пэублэ IэнатIэм и лэжьыгъэр зэтегъэувэныр хэхауэ зэгугъупхъэщ

Узыншагъэр хъумэнымкIэ пэублэ IэнатIэм и лэжьэкIэр хэхауэ зэгугъупхъэ Iуэхущ. Мис а IэнатIэм нэхъ нэрылъагъу къыщохъу медицинэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ я фIагъымрэ ахэр цIыхухэм къагъэсэбэпынымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ зэрызэкIэлъымыкIуэр. Узыншагъэр хъумэным а и IэнатIэрщ республикэм щыпсэухэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэхэм я нэхъыбэр зэхьэлIар. Абы щыхьэт тохъуэ дащыхуэзэм деж цIыхухэм къыджаIэхэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и сайтым къагъэхь тхыгъэхэр.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и пэублэ IуэхущIапIэу къуажэхэм щыIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным пыщIа гугъуехьхэм мазитI япэкIэ мы IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьауэ щытащ. Абы щыгъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр щIэлъэIуащ медицинэм и стационар IуэхущIапIэхэр къуажэ нэхъ пхыдзахэм къыданэну. Абы теухуа пщэрылъ пыухыкIа республикэм и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэмрэ еттащ икIи ахэр администрацэхэм я Iэтащхьэхэм ящIыгъуу мы Iуэхум хэплъэну, нэгъуэщI субъектхэм я лэжьэкIэр къалъытэу зыхуэфащэ Iуэхухэр къыхалъхьэну яхуэдгъэуващ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, гугъуехьхэр къызэнэкIынымкIэ хэкIыпIэхэр нобэм къэс яубзыхуакъым.

Министерствэм зэкIэ иджыри щыIэкъым езым и унафэм щIэт IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ системэ тэмэм

Апхуэдэу щыщыткIэ къэпщытэныгъэр зэтрагъэувакъым, абы къыхэкIыу лэжьыгъэм и фIагъымрэ абы сэбэпынагъыу къихьымрэ арэзы укъащIыркъым. Щылажьэхэм я бжыгъэмкIэ министерствэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщым и лэжьакIуэхэр я пэшхэм къыщIэкIыркъым, лэжьапIэ IэнатIэхэм нэсыркъым, медицинэ IуэхущIапIэхэм я гугъуехьхэм щыгъуазэ защIыркъым, цIыхухэм яхуэзэркъым. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр гъунэжщ. Дауэ къызэрыбгурыIуэнур иужьрей зэманым дыздэщыIа языныкъуэ сымаджэщхэм пшэчынкIэ Iэмал имыIэу щытлъэгъуахэр? Медицинэ IуэхущIапIэхэм яхуэгъэза сыт хуэдэ къэпщытэныгъэ зи гугъу пщIы хъунур, псалъэм папщIэ, къалэ сымаджэщ №1-м сымаджэхэр тэмэму щамыгъашхэмэ, езы сымаджэщым и пэшхэр зыкIи лэжьыгъэм хуэмыщIа пэтми, хьэзыр хъуа унэ дэгъуэр илъэси 7 лъандэрэ лажьэу ямыутIыпщмэ?!

Республикэм исхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм ягъуэтынымкIэ хэкIыпIэхэр зэтегъэувэн хуейщ

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм я бжыгъэмрэ я къызэгъэпэщыкIэмрэ къапщтэмэ, шэч лъэпкъ хэмылъу, абы хэплъэжыпхъэщ. Ауэ а лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIкIэ япэ ирагъэщын хуейр республикэм исхэм я сэбэп зыхэлъхэрщ. Амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ зэфIагъэкI IуэхутхьэбзэхэмIэмал зэриIэкIэ зегъэубгъун хуейщ, сыту жыпIэмэ, сымаджэхэм я Iуэхур абы къигъэпсынщIэнущ.

Республикэм и центр инхэм щызэтрагъэувэнущ технологие лъагъэхэр зи лъабжьэ медицинэм зегъэужьынымкIэ Iэмалхэр. Дэ дызыхущIэкъупхъэр технологие лъагэхэм ятещIыхьа медицинэ IуэхутхьэбзэхэрцIыхухэм нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщамылъыхъуэу, апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр республикэм щагъуэту щIыныр щ.

Зэрыгуры Iуэгъуэщи, зэман благъэм къэув къалэн хэхахэм ящыщщ лъхугъэм илIыкIхэмрэ къалъхуагъащIэу лIэж сабийхэмрэ я бжыгъэм кIэрыгъэхуныр, гъуэгухэм къыщыхъуа гузэвэгъуэхэм фэбжь хэзыхахэм и зэманым дэIэпыкъуныгъэ тэмэм ягъуэтыныр къызэгъэпэщыныр. НэрылъагъуIIу егъэфIэкIуэн хуейщ лъынтхуэ, онкологие узыфэхэр, зызыубгъуа адрей узыфэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр, а узыфэхэр зэрызэхагъэкIымрэ зэрагъэхъужымрэ.

Сымаджэхэм гулъытэ щыхуамыщI къэхъун хуейкъым

Псом япэу икIэщIыпIэкIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэр тэмэму зэтегъэувэжын хуейщ. Мыбдеж хэхауэ гу зылъытапхъэр къэбзагъэм и Iуэхурщ, IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэман пыухыкIам, хабзэ гурыIуэгъуэхэм тету егъэкIуэкIыныр, медицинэм и лэжьакIуэхэм сымаджэхэр къащыфIэмыIуэху къэмыгъэхъуныр. А псоми мылъку лей текIуэдэну щыткъым. Мыбдеж нэхъыщхьэр медицинэм и IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм я пэжагъымрэ цIыхугъэмрэщ. Зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, Iуэхум зи гур ета лэжьакIуэм зэи къыфIэмыIуэхуу щытынукъым езыр зи унафэщI IуэхущIапIэм и унэхэмрэ пщIантIэмрэ я щытыкIэр, икъукIэ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр къызэрамыгъэсэбэпыр.

Бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпым ныкъусаныгъэ инхэр зэрыхэлъыр къыщIагъэщащ

Мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ зы Iуэхуи щыIэщ. Иужьрей зэманым финанс, кIэлъыплъакIуэ органхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм бюджет ахъшэр къэгъэсэбэпыным и лъэныкъуэкIэ щыIэ мыхъумыщIагъэ куэд къыщIагъэщащ. Мылъкур хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэсэбэпам и зэранкIэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 800-м нэблагъэ щымыкIуэдыпхъэм щагъэкIуэдауэ къалъытащ. Абыхэм къадэкIуэу арбитраж судхэм я унафэкIэ республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къэрал контрактхэмкIэ зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэримыгъэзэщIам къыхэкIыу сом мелуан 12-м щIигъу ирагъэпшынащ. Финансхэм яхуэгъэзауэ мыхъумыщIагъэхэр зылэжьхэм къикIуэт лъэпкъ хэмылъу ткIийуэ дабгъэдыхьэнущ икIи законым къызэригъэувым хуэдэу жэуапым етшэлIэнущ бюджет мылъкур тэмэму къэзымыгъэсэбэп къулыкъущIэхэм.

Урысей Федерацэм и Президентым накъыгъэ мазэм къыдигъэкIа указхэм я Iуэхум къытезгъэзэжынщи, ахэр гъэзэщIа хъун папщIэ 2013 гъэм зэфIагъэкIыну яубзыхуауэ щыта Iуэхугъуэ 27-м щыщу нэсу гъэзэщIа хъуар 18-рщ. ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и федеральнэ фондым иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, IуэхущIапIэ 17-м дохутырхэмрэ курыт медицинэ лэжьакIуэхэмрэ я улахуэхэр зэрызэхуэхъумкIэ, IуэхущIапIэ 15-м - медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэм ику иту къаIэрыхьэ лэжьапщIэмкIэ хуагъэуващ щыта бжыгъэхэм нэсакъым, IуэхущIапIэу 8-м я апхуэдэ лэжьакIуэхэм ику иту къаIэрыхьэ лэжьапщIэр нэхъ мащIэ хъуащ. Апхуэдэ щытыкIэр икIэщIыпIэкIэ гъэзэкIуэжын хуейщ.

КъБР-м щымащIэкъым зи зэфIэкIыр республикэм и мызакъуэу, абы и щIыбкIи къыщалъытэ дохутыр Iэззэхэр. Я псэукIэр зэрызэкIэлъымыкIуэм щхьэкIэ къамыгъанэу икIи я зэманым емыблэжу ахэр илъэс куэд лъандэрэ пщIэрэ щытхъурэ яIэу IэнатIэм пэрытщ. Апхуэдэ IэщIагъэлIхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр ирогушхуэ. Абыхэм дадэIэпыкъун, лэжьэнкIи псэункIи зыхуей Iэмал псори къахузэдгъэпэщын папщIэ дэ тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым. СызэреплъымкIэ, мис апхуэдэ медицинэ лэжьакIуэхэм лейуэ дазэрыдэIэпыкъун программэ хэха зэхэтлъхьэ хъунут. А Iуэхум икIэщIыпIэкIэ егупсысыну республикэм и Правительствэм солъэIу. Медицинэм зегъэужьынымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкIкIэ сымаджэхэр хущхъуэкIэ, ерыскъыкIэ къызэрызэрагъэпэщым зэран щыхуэхъу къыхэбгъэкI хъунукъым. Тхьэусыхафэхэмрэ цIыхухэм къагъэхь адрей тхыгъэхэмрэ ятепщIыхьмэ, абы и лъэныкъуэкIэ иджыри гугъуехь пыухыкIахэр щыIэщ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэ псори тэмэму ягъэлэжьэн хуейщ, ахэр илъэс бжыгъэкIэ къамыгъэсэбэпу щамыгъэту

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хузэфIэмыкIахэмрэ гу зылъимытахэмрэ гъуджэм хуэдэу къощ абы и лэжьыгъэм и фIагъыр къызэрапщытам къррикIуахэм. А фIагъыр къызэрапщытэ Iуэхугъуэу 5-м щыщу министерствэр зыпэлъэщар зы къудейрщ.

Республикэм и инвестицэ программэ пыухыкIам хиубыдэу дызэрыт илъэсым яухуэн хуейхэм республикэ мыхьэнэ зиIэ медицинэ IуэхущIапIэу 5 хьэзыр ящIын хуейуэ, район центрхэмрэ жылагъуэхэмрэ апхуэдэ IуэхущIапIэу 10 щаухуэну е щызэрагъэпэщыжыну хэтщ. А псоми трагъэкIуэдэн папщIэ КъБР-м и бюджетым сом мелуан 362-рэ щыхухахащ. Иджы а ухуэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым, лажьэу щыIэ IуэхущIапIэхэр зэрызэрагъэпэщыжым ткIийуэ кIэлъыплъын папщIэ, дэтхэнэ IэнатIэми мазэ къэс щызэфIагъэкIыпхъэхэр яубзыхуу лэжьыгъэхэр и зэманым гъэзэщIа хъунымкIэ жэуап зыхь къулыкъущIэу министерствэм щылажьэхэр ирагъэбыдылIэн хуейщ. А IуэхущIапIэ псори илъэс бжыгъэкIэ бгынэжауэ щамыгъэту, и зэманым хьэзыр ящIу къагъэсэбэпу щIадзэн хуейщ. ГурыIуэгъуэщ, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыIэ гугъуехьхэр дыгъуасэ е нобэ къызэрыкъуэмыкIар. Ауэ абы къикIыркъым цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мы IэнатIэм и щытыкIэмкIэ къыдбгъэдэхуэ жэуапыр нэхъ мащIэу. КъызэрымыкIуэ щытыкIэ гугъум дыкъикIын папщIэ, дэ лэжьыгъэ псори зэкIэлъыкIуэу едгъэкIуэкIын икIи республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр иджырей зэманым къезэгъыу зэтедгъэувэн хуейщ.

IэнатIэм зэрызрагъэужьыным хущIокъу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Министрым къыхигъэщащ нэхъыбэу цIыхухэр зэрылIыкIыу дохутырхэм къагъэлъагъуэр Iэпкълъэпкъым лъыр тэмэму зэрыщыземыкIуэм къыхэкI узыфэхэрауэ зэрыщытыр, апхуэдэу жьэн узыфэ зыпкърыт сымаджэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар. «Ар и фIыгъэщ я узыфэр нэхъ пасэу къахутэн мурадкIэ, цIыхухэм я узыншагъэр къапщытэу ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэм, - жиIащ Шэт Ирмэ. - А Iуэхур ефIэкIуэнымкIэ икъукIэ сэбэпышхуэ мэхъу цIыхухэм я узыншагъэр зыхуэдэр къыщапщытэ пэшхэр зыхэт машинэ къызэрытхуэкIуар. Иджы Iэмал диIэщ къуажэ пхыдзахэм щыпсэухэми я щытыкIэр къэтпщытэу и чэзум зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэ еттынымкIэ».

Шэт Ирмэ зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ цIыхухэм я узыншагъэр зыхуэдэр къэпщытэнымкIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм. А Iуэхум хэтащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэу 18, блэкIа илъэсым псори зэхэту абыхэм я узыншагъэр къыщапщытащ цIыху 130769-м.

- Ди гуапэ зэрыхъунщи, а Iуэхум цIыхухэр жыджэру хэтащ, - жиIащ Шэт Ирмэ. - Iуэху щхьэпэм къызэщIедгъэубыдащ сабийхэри балигъхэри. Къэпщытэныгъэхэм къррикIуахэм ятепщIыхьмэ, балигъхэр нэхъ зыгъэщхьэжагъуэр гу-лъынтхуэ, лыщх, тхьэмбыл, фошыгъу узыфэхэрщ. Сабийхэм нэхъыбэу япкърытыр лъатэ, кIэтIий, псантхуэ, къупщхьэ узыфэхэрщ. Абы къигъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ, адэкIи зыкIэлъызыгъэплъын хуей псоми чэнджэщхэр иратащ. Апхуэдэу сабий зеиншэхэм я узыншагъэр къыщапщытэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу наIуэ къащIахэм, щхьэж и узыфэ елъытауэ, хущхъуэхэр ирахьэлIащ, сымаджэщым ягъэгъуэлъащ.

Медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм щытепсэлъыхьым, Шэтым жиIащ, УФ-м и Президентым накъыгъэ мазэм къыдигъэкIа «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм къэрал политикэр щегъэфIэкIуэным теухуауэ» унафэр ягъэзащIэу КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм республикэм ику иту щат улахуэм тещIыхьауэ медицинэ лэжьакIуэхэм къахьым зэрыхагъэхъуам. Апхуэдэу ику иту дохутырхэм я улахуэр сом мин 22-рэ мэхъу, курыт медицинэ лэжьакIуэм сом мин 13-м, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэм сом мини 8-м нэс къахь.

Сымаджэхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр министерствэм нэхъ къытехьэлъэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Апхуэдэу хущхъуэ лъапIэхэр ирикъуу къахуэщэхуркъым. Псом хуэмыдэу къатохьэлъэ куэдрэ узримыхьэлIэ узыфэхэр зиIэ сымаджэхэр Iэмал имыIэу хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыныр я пщэрылъу зэрыщытыр. Псалъэм папщIэ, республикэм щыIэщ зы илъэсым къриубыдэу сом мелуан 36-рэ и уасэ зрахьэлIэ сымаджэ. Апхуэдэхэм ятекIуэдэну мылъкур федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Iуэхур зэтеубла зэрыхъуным и хэкIыпIэхэм мэлъыхъуэ министерствэм и лэжьакIуэхэр.

- Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр ирикъуу IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщакъым, - жиIащ Шэтым. - УнэтIыныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ лъагэ цIыхухэм ягъуэтынымкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къапщтэмэ, 2013 гъэм дохутыр IэщIагъэ зэзыгъэгъуэта псори IэнатIэкIэ къызэдгъэпэщащ.

Министрыр тепсэлъыхьащ дохутырхэм я Iэзагъэм, зэфIэкIым хэгъэхъуэнымкIэ щIэныгъэ-практикэ конференцхэр, семинархэр зэрырагъэкIуэкIым, къэралым и медицинэ центр нэхъыфIхэм я IэщIагъэлIхэр къррагъэблагъэурэ лекцэхэр къызэрызэрагъэпэщым. Апхуэдэу ар къытеувыIащ район сымаджэщхэм гъуэлъыпIэхэр тэмэму къагъэсэбэпын зэрыхуейм, къуажэ амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ я лэжьыгъэр тэмэму зэтеублауэ зэрекIуэкIым, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и лэжьыгъэр зэрекIуэкIым, технологие лъагэм тету цIыхухэм еIэзэным, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр тыншу яIэрыхьэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

Къапэщылъ къалэнхэр къыщыхигъэщым, министрым жиIащ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм зэхуэдэу ялъэгъэIэсыныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр икIи жиIащ зыхуагъэувыжа къалэнхэр зрагъэхъулIэным медицинэ лэжьакIуэхэм я Iэзагъ, зэфIэкI псори зэрырахьэлIэнур.

АдэкIэ я лэжьыгъэр зэрекIуэкIым и гугъу ящIу зэIущIэм къыщыпсэлъащ фIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым, УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм я унафэщIхэу **Литовченкэ Татьянэрэ Расторгуевэ Светланэрэ**, республикэм и медицинэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Арэзы щытохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и япэ къуэдзэ Жекеев Алик мазаем и 13-м республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и президиумым и зэIущIэм хэтащ. Абы уголовнэ Iуэхуитху щызэпкърахащ.

ИЩХЬЭ кIэлъыплъакIуэ IуэхущIапIэм и судыр КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэм къыхилъхьа кассацэ тхылъищым хэплъащ икIи арэзы техъуащ.

Зыхэплъа Iуэху псоми теухуауэ республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и президиумым къищта унафэхэр прокурорым диIыгъащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

«Къэралым и цIэкIэ зыгъэкъуаншэ лэжьакIуэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэ илъэс къэс егъэкIуэкIыным теухуауэ 2014 гъэм мазаем и 13-м КъБР-м и прокурорым и унафэкIэ къащта Положенэм, «Къэралым и цIэкIэ зыгъэкъуаншэ лэжьакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэхьэзэхуэ къыхэлъхьэным хуэунэтIауэ 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм къыдигъэкIа приказ №551-мкIэ къащта положенэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и япэ къуэдзэ, юстицэм ещанэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщэгъу Жекеев Алик зи нэхъыжь зэпеуэмкIэ комиссэм абы къррикIуар зэхилъхьэжащ, текIуахэр игъэбелджылащ.

Налшык къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщIэ Жамырзэ Э. япэ, Налшык къалэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщIэ Шаваевэ Р. етIуанэ, Аруан районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу, япэ класс зиIэ юрист Темрокъуэ Ж. ещанэ увыпIэхэр хуагъэфэщащ.

ТекIуахэр щагъэбелджылы

ТекIуахэр республикэм и прокурорым игъэпэжэнущ.

Урысей Федерацэм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ хэщIапIэм иратащ «Къэралым и цIэкIэ зыгъэкъуаншэ лэжьакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм бжьыпэр зыубыдар зэрагъакIуэмкIэ тхылъыр (заявкэр).

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Адыгэхэм ятеухуауэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Абыхэм яхэтщ урысей телеканалхэу: «Первый», «Россия», «Russia Today», Германием ейуэ «Deutsche Welle», Англием и CNN-р, Аль-Джазир-м Тыркум щиIэ къудамэр, Канадэм и ТВС-р, CTV-р, Японием и «Sapporo», Грузием «Амеди», «Рустави-2», «Голос Америки», Норвегием къыщыдэкI «Bergens Fidende» газетыр, «Кавказский узел» хъыбарегъащIэ агентствэр, нэгъуэщIхэри.

Нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ епсэлъа журналистхэр зыщIэмыупщIэ къэгъуэтыгъуейт. Лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, иджырей псэукIэр, зыIущIэ гугъуехьхэр, лъэпкъым зиужьынымкIэ ялъагъу хэкIыпIэхэр, нэгъуэщI куэди.

Инджылызым къыщыдэкI «Daily Mail» газетым и къудамэу Москва щыIэм Лондон и мэр Джонсон Борис къызытехъукIахэм адыгэ бзылъхугъэ зэрахэтыр щитхым, хъыбар гъэщIэгъуэнхэр къэIуащ. ЗэрыжаIэмкIэ, а щIалэ щэджащэм и анэшхуэм и анэр убыхщ. Олимпиадэр щекIуэкI щIыпIэр, и къуэпсхэр къыщежьэ щIыналъэм къакIуэу зригъэлъагъун мурад иIами, гурыIуэгъуащэу щымыт щхьэусыгъуэхэм ар «ялъэхъащ».

ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм гулъытэшхуэ хуащIащ Олимп паркым щагъэува Адыгэ унэм. Краснодар куейм и администрацэм, щIыналъэм ижь-ижьыж лъандэрэ щыпсэуа лъэпкъхэм я хабзэр къэзыгъэнаIуэу къызэфIагъэува щэнхабзэ проектым «Россия», «Девятый канал» (Краснодар), «Вести-Сочи» нэгъуэщI хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэми ди хъыбарыр дахэу, екIуу къатащ. Адыгэхэм я гъащIэм теухуауэ куэд дыдэ зэхуахьэсащ икIи трахащ Франджым и Бордо къалэм и университетым журналист IэщIагъэм щыхуеджэхэм.

Олимпиадэм и иужьрей махуэм хамэ къэрал журналистхэм тенджыз ФIыцIэ Iуфэм Iус адыгэхэм-шапсыгъхэм я жылагъуэ парламентым и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжид** кърагъэблагъэри, я упщIэхэмкIэ зыхуагъэзащ. ХъыбарегъащIэ IуэхущIапIэу 40-м щIигъу хэту ирагъэкIуэкIа пресс-конференцыр къызэзыгъэпэщар Олимпиадэр зэрекIуэкIыр США-м щызыгъэлъэгъуа NBC корпорацэрт.

- Псалъэмакъыр гъэщIэгъуэн икIи гугъусыгъу ящIащ упщIэ «хьэлъэ» куэд къызэрызатам, - жеIэ «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэм. - ИкъукIэ згъэщIэгъуащ, журналистхэр ди щIыналъэм щыпсэу хуэдэ, Сочэ и тхыдэр фIыуэ зэращIэм, нобэкIэ адэжь щIыналъэм дызэрыщыпсэу щIыкIэм, хамэ къэрал щыIэ ди лъэпкъэгъухэм я щхьэ къррикIуэм, абыхэм я гунықъуэгъуэхэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр. ЕхьэкI-нехьэкI хэмылъу, политикэм нэхъ тегъэщIауэ псалъэрт журналистхэр. Си дежкIэ нэхъыщхьэр журналистхэр зыщIэупщIэм гупсэхуу жэуап естыныртт, ди адэжьхэм къытхуагъэна хъугъуэфIыгъуэм, лъэпкъым и налькъутналмэсым щыгъуазэ хуэсщIыныр арат. Апхуэдэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпыпхъэу къызолъытэ, - жеIэ КIэкIыхъу Мэжид.

НЫБЭ Анзор.



●Тэрч щIыналъэ

Я къалэнхэм хоплъэж



2014 гъэр ЮНЕСКО-м щэнхабзэм и илъэсу игъэуващ. Абы ипкъ иткIэ, Тэрч районым зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы щыхэплъэжащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм кърахьэлIа лэжьыгъэхэм, дызытехьа гъэм пщэрылъ зыщащIыжа Iуэхугъуэхэми я гугъу щащIащ.

ЗэIущIэм кърагъэблэгъа, район администрацэм и Iэтащхьэ КIэрэф Мурадин псом япэ фIыщIэ псалъэкIэ зыхуигъэзащ Белоглинскэ жылагъуэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэхэм. Ахэр хэхуащ ди республикэм щынэхъыфIу къалъыта ДК-хэм. «Бжьыпэр зыубыдахэр зэрыхъур 5 къудейщ икIи ехъулIэныгъэшхуэщ, абыхэм ящыщ зыуэ уи цIэ кърaIуэныр», - къыхигъэщащ КIэрэфым.

Илъэс кIуам Тэрч районым щрагъэкIуэкIа мыпхуэдэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ куэдым зэIущIэм щытепсэлъыхьащ. Абыхэм къызэщIаубыдэ литературэ-макъамэ, усыгъэм я пшыхьхэр, махуэшхуэ концертхэр, нэгузыужь программэхэр, жьэрыIуатэ журналхэр, театр теплъэгъуэхэр, фестивалхэр, джэгу-зэпеуэхэр. Дэтхэнэми жыджэру хэтащ цIыху мини 5-м щIигъу. Гъэлъэгъуэныгъэхэм яфIэфIу еплъахэм я бжыгъэр мин 40-м ноблагъэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Джылахъстэнейм фIыкIэ зыкъыщыхигъэща республикэпсо зэхьэзэхуэхэри. Къэбгъэлъагъуэ хъунущ «Iуащхьэмахуэ и вагъуэбэ», «Кавказым - мамырыгъэр», «Кавказыр ди зэхуэдэ унэщ» фIэщыгъэхэм щIэту зэхэта республикэ, дунейпсо фестивалхэр. Абыхэм къызэщIаубыдащ творческэ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэ куэд.

Гулъытэ хуащI

Тэрч куей администрацэм щытепсэлъыхьащ ныкъуэдыкъуагъ ябгъэдэлъу районым исхэм сыт и лъэныкъуэкIи ягъуэтын хуей дэIэпыкъуныгъэхэм.

ЗэIущIэм хэта IуэхущIапIэ, организацэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр тепсэлъыхьащ ныкъуэдыкъуэхэм яIэ хуитыныгъэхэм, абыхэм ящыщу лэжьыгъэ пыухыкIа къезыхьэлIэну хуейхэм я Iуэхур къызэгъэпэща зэрыхъуну щIыкIэхэм. Апхуэдэу социальнэ Iуэхутхьэбзэхэми и гугъу ящIащ.

Къэрагъэблэгъа унафэщIхэм я дэтхэнэми мы Iуэхум теухуауэ къалэн пыухыкIахэр пщэрылъ щащIащ. ЗэгурыIуащ щIыналъэм ис ныкъуэдыкъуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ ахэр жылагъуэ гъащIэм къыхэшэнымрэ я зэфIэкI псори ирахьэлIэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Щэныгъэр зи гъуазэ

● Ди псэлъэгъуохэр

КIэрэф Майе и гъащIэри, и гупсысэри, и насыпри щIэныгъэм епхаУэ кьекIуэкIащ. ЩIэныгъэм и гъэтIыныгъэхэм я нэхъ гугъу дыдэ генетикэр и адэ КIэрэф Къамболэт и чэнджэщкIэ кыхихха хьуами, игурэ и псэрэ етарэ хуэпэжу еджащ икIи 1959 гъэм щыщIэдзауэ нобэр кьыздэсым Къэбэрдей-Балкъэр къэрал университетым щолажьэ. А зэманым къыгъэбудэу Майе тхыль куэд кьыдигъэкIащ, курс щхьэхуэ зыбжанэ зэхилъхьащ, иджыпсту щыхур кьызыхэкIамрэ и зыужьыныгъэ кьызэрекIуэкIамрэ теухуа лекцэхэм кьоджэ. КIэрэфым аспирант, биологие щIэныгъэхэм я кандидат зыкъом игъэхьэзыращ икIи абыхэм дунейм фIыуэ кьыщацIыхуу щIэныгъэлIхэр кьаехэкIащ.

КIэрэф Къамболэтрэ ипхъу Майерэ. *1978 гъэ*

- ЦIыхур зыхуэдэнур, дуней тетыкIэу иIэнур я нэхъыбэу зэлъытар егъэджакIуэращ. Адэ-анэм кьищынэмыщIауэ, аращ сабийхэм щапхъэ зыгъэхыр, - жеIэ Майе. - Абы кьыхэкIкIэ, си еджакIуэхэм сытым дежи яжызоIэ: дыз эрытхэ доскар кьабзэу щытын хуейщ, сэ си яужькIи зыри пэшым къыщIыхьэжыркъым. Сыту жыпIэмэ, сэ зэи сыкьыкIэрыхуркъым, езыхэри абы езгъэсэну сыхуейщ. Си гуапIэ зэрыхъунщи, студент-хэм яжесIэр ягъэзащIэ, зыхалъхьэ. Сэри абы хуабжьу сыщогуфыкI. ЩIалэгъуалэ псоми еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну ялъэкIыркъым, апхуэдэ насып кьащIылъсакIэ, хуэфащэу, хабзэ яхэлъу дунейм тетыну сыхуейщи, абы кьыхузоджэ. ЦIыху еджар щыпкъэу щытмэ, пщIэ-нэмыс хэлъмэ, абы нэхъри егъэдахэ. «Маршруткэ» уису уи еджакIуэхэр кьэтэджэрэ нэхъыжь ягъэтIысу гу лъпитамэ, кьепсалъэр зэпамыуду, зышIэ яхэлъу даIуэмэ, абы щэхуу урогуфIэ икIи уропагэ. Абы кьикIыр уи кьарумрэ лэжьыгъэмрэ хэмыкIуадэу аращ.

Майе и сабийгъэр зэмал хьэлъэм техуащ. Абы и адэр зауэм кIуэри, анэмрэ анэшхуэмрэ ящIыгуу кьэнащ. КIэрэф Къамболэт еджагъэшхуэт, щIэныгъэм зи гур хуэпабгъэ лIы Iущт. Ар щIэхъуэпсыкIт и гъэсэн щIэныгъэхьалажьэ щэрыIуэ хьуну, езым и щIэгъэкъуэн ищIыжину, и Iэщлагъэм пригъэщэну.

Майе и адэр игу къыщIгъэкIыжкIэ, гу лъымытэу кьанэкъыкIэ абы лIыгъэ зэрихьауэ зауэм кьыдзэрыкIыжам зэрыпрагэм, нобэр кьыздэсым ар и щапхъэу кьыздэрекIуэкIым.

- ЩIэныгъэм сыкьыхуалъхуат сэ. Ар си натIэ итт. Си адэ КIэрэф Къамболэт Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэт мэкъумэш институтым щеджэу сэ сакъыхэхъуат. ЕджапIэр кьиухщ, аспирантурэр кьыхуагъэльагъуэри, Ленинград щыIэ Агрофизическэ институтым иунэтIащ. Дуней псом щыцIэрыIуэ егъэджакIуэ бэлыхьхэм я деж щеджа си адэм щIэныгъэкIэ зэщIэузэдауэ кьигъэзэжат.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхьейм, 115-нэ шуудзэм хэту, фронтым щIэтащ ар адэр. ЩIэныгъэлIэр зауэм дашыртэкъым, абыхэм кьэралыр кьащыгугъыпт. Ди адэри кьраджэжат, ауэ «сэ си лъэпкым сыкьуэтынущ» жиIэри, идатэкъым. Шуудзэр щыз эпкърыхуажым, 4-нэ Украин фронтым хыхьащ. Зауэр щиухам, ди адэр Чехословакием щыIэт. А зэманым Японием зауэ иращыкIлэнкIэ ящынагъуэ щыIэти, химие IэщэхэмкIэ щIэныгъэ зыбгъэдэпIэ жаIэу, зауэм хашэну я гугъат, ауэ 1945 гъэм ди щыналъэр щIэлъэIури, кьрагъэгъэзэжащ. Зауэм и пэкIэ зыIутэ Iэнатlэм ягъэувыжащ, иужькIэ 1950 гъэм министр кьулыкъэр кьыхуагъэфэщащ.

Абы ирихьэлIэу сэри курыт еджапIэр кьэзухащ. ФIы дыдэу, «5» защIэкIэ седжэртэкъым, ауэ си кьарум кьихь кьэзгъанэртэкъым, си адэм сихуэфэщэн папщIэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэ сыщIэтIысхьэн хуейуэ дыщыхэпплъэм, си псэм нэхъ дихьэр тхыдэмрэ философиемрэт. Ди адэр егупсысри, «биологиер мынэгъэкIыжкIэ, гу лъымытэу кьанэкъыкIи абы лIыгъэ зэрихьауэ зауэм кьыдзэрыкIыжам зэрыпрагэм, нобэр кьыздэсым ар и щапхъэу кьыздэрекIуэкIым.

- ЩIэныгъэм сыкьыхуалъхуат сэ. Ар си натIэ итт. Си адэ КIэрэф Къамболэт Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэт мэкъумэш институтым щеджэу сэ сакъыхэхъуат. ЕджапIэр кьиухщ, аспирантурэр кьыхуагъэльагъуэри, Ленинград щыIэ Агрофизическэ институтым иунэтIащ. Дуней псом щыцIэрыIуэ егъэджакIуэ бэлыхьхэм я деж щеджа си адэм щIэныгъэкIэ зэщIэузэдауэ кьигъэзэжат.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхьейм, 115-нэ шуудзэм хэту, фронтым щIэтащ ар адэр. ЩIэныгъэлIэр зауэм дашыртэкъым, абыхэм кьэралыр кьащыгугъыпт. Ди адэри кьраджэжат, ауэ «сэ си лъэпкым сыкьуэтынущ» жиIэри, идатэкъым. Шуудзэр щыз эпкърыхуажым, 4-нэ Украин фронтым хыхьащ. Зауэр щиухам, ди адэр Чехословакием щыIэт. А зэманым Японием зауэ иращыкIлэнкIэ сыщащхуа щIыналъэм кьэкIуащ, езым и Iыхьлъэмрэ зэсамрэ IэщIыб ящIри. Си адэр кьэрыгъэсщыгъуэуи, дэIэпыкьуэгъу сыхуэхьауащ, уеблэмэ тIури абы и щIэгъэкъуэну дыщытащ. Си щхьэгъэусэр жыг-хадэ хэсэнрат зыхуеджар, сэ нартыху гъэкIыныратри, щыри дыз эдэлажьэу етхьэкIащ. 1961 гъэм кандидат лэжьыгъэр пхызгъэкIащ. Илъэсий дэкIри, щIэныгъэхэм я доктор сыхьуащ. ДэнэкIэ згъэзаами, зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ ета щIыхуэхрат сыкьэзэыухьуреихьыр. Абыхэм сакIэлIлыплIыхьу, сэри си адэм, си егъэджакIуэ нэхъыщхьэм, хуэдэ сыхьужьину сыхуущэхьурт. УнэтIыныгъэ зыбжанэмкIэ унафэщI сащIыну кьыхсхуагъэлъэгъуат, ауэ сэ абыхэм си гур хуэгъэтIылъатэкъым. Кавказ Ищхьэрэм яп дыдэ генетикэр щаухуар ди еджапIэращ. 1971 гъэм си жэрдэмкIэ КьБКъУ-м генетикэмкIэ кафедрэ кьыщыгъэIутащ, абы и унафэщIуи сагъэуващ. Абы кьыщыщIэдзауэ, нобэр кьыздэсым ди кафедрэр долажьэ Урысейм генетикэр куууэ зыдж и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэкIэ дыдэ-догуащ, иужьрей кьэхутэ-ныгъэхэр ди программкэм хыдогъэхьэ, зэманым декIу IэмэпсымэхэмкIэ долажьэ.

ДэнэкIэ згъэзаами, сыт хуэдэ кьалэ лэжьыгъэ Iуэхуэкъым сагъэжауами, сыдаIуэрэ. СыдаIуэрэ адыгэбзэ зэхэсхьну пIэрэ жысIэу, ЗыгуэркIэ ар си насып кьихьмэ, зызущэхурти, сыщIэдэIуэкIырт. Псэр зыIэпэсху макьамэ дахащэу зэхэсхырт сэ ар. Хамэ кьалэ си закъуэу сыкьыщыIнэм, си бзэр хуэм-хуэмурэ сIэщIэхуащ. Кьыщыз-гъэзэжам «бзэ кьута» жыхуаIэм сыхуэдэт. Сытым дежи сехьуапсэрт адыгэбзэр дахэу зыгъэшэрыуэм, сэ ар схуэзэфIэкIыжыртэкъым. Си анэр урысми, адыгэбзэр фIы дыдэу ищIэрт икIи ирипсальэрт. Сэ Москва сыкьыщикIыжам си адыгэбзэм си ныбжьэгъуэр кьыщыдыхьэшхауэ щытащ, си кьэпсэлъыкIэр яфIэгъэщIэгъуэн хьурт. Абы нужькIэ «кьыкь» сыхуэхьауащ адыгэбзэм, сыхуеими, сыпсэльэфыркъым.

Зыпхъу закъуэ диIэу аращ. Ар бзэ щIэныгъэхэм нэхъ хуэщIрыуэтт, Ленинград университетыр кьиухауэ, и IэщлагъэмкIэ лэжьапIэ хьарзыни иIэу IэнатIэ Iутт. Ауэ абы и кьуэ закъуэм уз шынагъуэ кьеуэлIащ.Ар Германием фIэкIа щахуэмыгъэхъужьину кьыщежрагIэм, абы кIуэри, кьыщынащ. Абы лъандэрэ си пхъумрэ пхъурыльхъумрэ Германием щопсэу. Кьагъэззэж хьунукъым, абы и узыр уз бзаджэщ, сытым дежи укIэльплъынлъ хуейщи. Си гуапэ зэрыхьунщи, тIури лэжьапIэ хьарзынэ-хэм Iутщ, я Iуэхуэхр фIыщ. Махуэ кьэс жьхуаIэм хуэдэу дызопсальэ, дызэрощIэ. Сызэрашэлэжьныр дунейм кьэсщIэжьмэ, ауэ... Кьысухьрегъэгъу, сэ сыкьэзэыльфIагъыр зыхьащIу и кьэ-гъэзэнщ. Абы лъандэрэ си пхъумрэ пхъурыльхъумрэ Германием щопсэу. Кьагъэззэж хьунукъым, абы и узыр уз бзаджэщ, сытым дежи укIэльплъынлъ хуейщи. Си гуапэ зэрыхьунщи, тIури лэжьапIэ хьарзынэ-хэм Iутщ, я Iуэхуэхр фIыщ. Махуэ кьэс жьхуаIэм хуэдэу дызопсальэ, дызэрощIэ. Сызэрашэлэжьныр дунейм кьэсщIэжьмэ, ауэ... Кьысухьрегъэгъу, сэ сыкьэзэыльфIагъыр зыхьащIу и кьэ-гъэзэнщ. Кьэрэфым жеIэ:

- - Цыхухэм яфIэрэзэщIэ-гъэзэнщ гъэнетикэм илэжьыр. Псальэм папщIэ, цыхум и кIон щащIкIэ, ар зытращыкIыжым и хьэлIэнкIэ, гупсысэкIэкIэ, теплъэкIэ, гурыщIэкIэ хуэдэ хъужрэ? Абы теухуауэ си студентхэм я еплъыкIэр кьэсщIэну кьызэрапщытэ лэжьыгъэ езгъэтхащ. Ялыныкъуэхэм кьызэрыгуэкI епльыкIэщ кьагъэльэгъуар, укьигъэуIэбжьыжу жэуап зиIи яхэтащ. УпщIэм и жэуапыр мыращ: клон зытращыкIыж цIыхур зэчиифIэмэ, псальэм папщIэ, макьамэмкIэ зэфIэкI бгъэдэльмэ, клонми аIэуцIэдэ зэчий зезыхьэ ген пкърыльнущ. Ауэ и сабийгъэм щыщIэдзауэ я зэчиим зумыгъэужьмэ, кIуэдынущ, Iэщlэхунущ. Абы кьэкIраIи, цIыхур зэрыхьунур зэльытар кьызэрыгуэкIам и зэфIэкIэраркъым, атIэ кьэзэыухьуреихь цIыхухэм, дунейм, узэрыдэлажьэми куэд иIыгщ. Абы кьищIынэмыщIауэ, цIыхур кьамылъхуу, зэрыжаIэу, «пробиркэкIэ» Iэрыщу дунейм кьытехьэным дыхьэкIэну зыхьыIи щыIэщ. Ар псэкъым. ЦIыхур цIыху зыщIыжыр, хьэли, гупсыси, акъыли хэзылъхьэр анэрац. Ныбэрылым анэм и ныбэм илъыхуэ кущ кьеущэ. Арыншамэ, пробиркэкIэ дунейм кьытехьам моратэ имыIэу, цIыхугъэ хэмылъу, псэ хэмылъуи жьIпIэ хьунущ. Псэр езыр цIыхум и дуней тетыкIэр кIуэцIкIэ, гукIэ зэрызыхищIэжращ.

Дэтхэнэ цIыхуми и гум кьинэжьки, и кIэрыгъэ кьыздрихьэкIын Iуэхугъуэ гуэр егъэнэху. Сэ апхуэдэу гукьинэ схуэхьуар си адэр псэууэ зауэм кьыщикIыжарагъ. Ар жьыжьэу кьакIуэу щысльэгъуам, сыщIэпхъуэри зеэздауэ ящащ. АпхуэдизкIэ си фIэщ хъужьырткъым зэрыпсэуэри, «Папэ, уэра мыр?» жыслIэу сеупщIыт, аргуэру и пщэм зесшэкIыжыри, Iэплъэ зэусщIыт. А дакьыкъым зыкъэщIам кьытеуIуэн гъэрыщIэрэ щытыкIэрэ зэи сихуакъым.

Сыт гъащIэм и мыхьэнэр жьIпIэмэ, цIыхуу дунейм тетым хуэдизу жэуап зэхуэмыдэ щыIэ мэхъу. Ауэ сэ, илъэс пщIей кьэзыгъэщIа анэм, цIыхубзым, щIэныгъэрыпхьажьэм и жэуапым ущIэупщIэмэ, зэи цIыхум и теплъэм, щыгъым сеплъакъым, мыхьэнэи естакъым. Сэ сыкьэIэбгъеIуам, ауэ сызэрыуеIэм хуэдэуи сыкьэзэфIаныкъым, зыхьэнэм зыжьыгъэм сыкьыдэдэхэтэкъыми. Ауэ си бын закъуэр зэпIэзэрыту, щыкIуэ жьхуаIэр имыщIэу, цIыхуфIу зэрызэсэхэм иужь ситащ. ЦIыхум и гъащIэм, кьыщIигъэщам и мыхьэнэм утепсэльыкъхьэ, си щхьэгъусэм зэрыжиIэу щытам хуэдэу жысIэнщ: псом япэрауэ, дунейм дыкьыдэзрытехьэхкIэ ди насыпщ! ДыкъытемыхьэнкIи хьунут, ауэ дыкьалъхуащ. Ар псом нэхъапэщ. ЦIыхур дунейм кьыщытехьакIэ, ар кьызэрыгуэкIыу кьыфIщыхьунущ, ауэ фIы нэхьыбэ ящIэн хуейщ. ЦIыхуу къэкIэкхъуэкIэм кьыщIэхъэщIыжыр и гуфIыщIэхэмрэ гуапагъэмрэ. ФIы пщIэу я упсэун хуейщ. Абы щIэныгъэр кьыкIэлъокIуэ. ЩIэныгъэ уимыIэмэ, гупсысэкIэ пщIэныкъым, узыщIипсэу дунейми узыхэпсэукI эманами зыри хьумыщIыкIыу ущытынущ.

Майе ущепсэлъэжащ и хуэдизкIэ уедхьэхэрп и нэм кьыщIих гуапагъэмрэ нэхъыбэ сыбгъэдэсарэт жыбоIэ. Арауэ кьыщIэкIынущ абы деж жыыри щIэри щIеIэр, пщIэ хуащIу нобэм кьыщIэсар. И гум кьыбгъэдэкI хуабгъэмрэ и нэм кьыщих гуапагъэмрэ нэхъыбэ мыхьумэ, зыкIи мыужьыкIыу кьокIуэкI а цIыхубз цIэрыIуэр.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Дэ кьытхуатх

Гупсысэ зэхэдзэ дывгъэщI

Ди кьэралым нужьрей эзманым кьыщатьхум нэхърэ пIэр нэхъыбэу екIуэкIащи, ущIогъэзэн щыIэщ. Дыкьызэрыхуэта щытыкIэ шынагъуэм дыкьызэшыжьын Iэмалу кьагъуэтар сабий етIуанэ кьызэхэхъуэ унагъуэм ахъшэ ирагъэтынырщ.

ДИ АХЪШЭР пуд зэрыхъуэм елытатэу, абы и бжьыгъэм хохьуэ. ЦIыхухъэхуэр фадэ мыхъумыщIэм, щIыхубзмэ куэд дыдэ наркотик зэмылIэужьыгъуэхэм зэрикIуэдыкIыр е абыхэм пщыIыпIэ ирагъэувахэм лъхуэн-пIэныр кьызэрырамыдзэжьыр кьиГъувыIэну пIэрэ кьэралым унагъуэм иридэIэпыкьуну кьигупсысам? Зэрыжаlэу, ди Iэр ди гум тетлъхьэрэ дегупсысыжмэ, ди лъэпкъми апхуэдэ уз кьызэфIкIын икIуэдыкIыпан и мащIэкъым. Ауэ ди цIыху бжьыгъэм щIыхьэщIым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу кьэсслыгэр нэгъэущIщ. Ди цIыхубзхэр щIакIхъуэ уасэ е, дицIыхуэ дыдэмэ, унагъуэр зыкьуэмылыкIын сом кьагъэхьэрычэту бззэрым тесын хуейуэ ГъащIэм ирихуIащ. АтIэ емыкIу хэть я щхьэгъусэ лэжьапIэнщхэм яхуэпльхуэу мазибгъу енкIэ гугъу зрагъэхьыну зэрыжиIэм? Апхуэдэ хьисэпкIэ ди цIыхубзхэр бын кьэпльхуным темыгушхуэжи хъуащ, щхьэ ди тхьэмыщкIагъэм кьыхэдгъахьэрэ, жьыхуаIэу. Ауэ кьэралым анэм ирит ахъшэм зизыгъэна зыкьомым я лъахъэхэр кьигъэлэщащ, ар изыхьыкIыпан кьахэкIри, лъхуэн-пIэным тегушхуэжахэщи, ТхьэмI и шыкурщ. Зы сабийм э - зы сом бжьыгъэ, тIуми - нэхьыбэ, щымэ - нэхъыбэж. Апхуэдэххэрэ, «ГАЗель» автобус цIыкIу зыхуагъэфэщащ унагъуи, «Анэ лIыхъужь» медаль и бгъэм кьыхахъыжа анэхэри ди мащIэкъым. Хьарзынэхъэ-тIэ, апхуэдэ хьисэп и лъабжьэми, зыхэс лъэпкъми адыгэми щIэблэ кьаззэрыхьхьэр.

Ауэ гъащIэр гъащIэгъэн хьунт абы псори зэтесу, нэщIысауэ щекIуэкIыу щытамэ? КьызэрыщIэкIыжкIэ, мы ахъшэм игъэгушхуэпа цIыхубз лIэужьыкIыпхъэ щхьэнэхуащ, Тынш дыдэу икIыжэрщ, бынхэр адэншэу кьэзыгъанэхэрщ зи гугъу сщIыр.

Мыр газетеджэхэр фытегъэзэн мурадкIэ кьезгъэжьа псальэмакъкъым. Дыхуреныкъуэ ди лъэпкъ псори апхуэдэ хьыбар гупмыIуэхэм. Мыбы щIэхъуэсыгъуэ хуэхъуар си жылагъуэжь Дыгулыбгъуейм кьикIыу кьыслухэкIуа, зи ныбжь хэкIуэта Кьардэн СулътIан ТIуrт и кьуэм кьызнихьэIа гукьеэрщ. ЗэрыжиlамкIэ, абы и нысит икIыжащ, Кьардэн зэщхэм я лъэпкъ жьыгыжьым и кьудамэ щIалэ цIыкIуиплIрэ, хамэ унэ зэрихьэн хуейр ящIэжу, Кьардэнхэ я яплыи, ягъэсэн хуейуэ щыт зы «тхъэрыкъуэ» цIыкIурэ дыцIым здашэри. Езымрэ и щхьэгъусэмрэ хуабжьу зыхьащIэ и ныситым кьращIар. -Яхьа сомыр кьыссфIэзыхуу араскъым СультIан, зи цIэ кьриIуэн имыда и щхьэгъусэрэ зэрыгуэсэр жеIэ.

Кьуэрыпхъу-пхъурыпхъу цIыкIуэм яIэ IэфIагъыр зыхащIу а псэ пIащIэ цIыкIуэрэ кьуэщI щагъэфIэну кьызыхунхуахъэ Тхьэр ныбжькIэ зыхуэупсэ псоми, си фIэщ мэхъу, мы Кьардэн дадэ-нанэм я гумрэ я псэмрэ щыщIэр зыхуэдизымэрэ зищIысымрэ кьагъуныIуну. Тхьэм апхуэдэ щIащIым хэти и унагъуэ щихьмэ. Ауэ сфIэтельдыжэ хъуэ тхыгъэм нэхъ сытезыгъэгушхуар мыращ: СультIан тхьэ зыщIиIуэжращи, «Илъэс 400-м и щIэр зезыхьэ уэрамым и хьэлIэ езыр зыщIыпсэуэм унагъуиблым я нысэхэр икIыжащ. «Мыр сыт, пIэун, икIыж уз зэрыщIалэ ящхьхьхьауэ ара си кьуажэгъуэхэм?!» - жьызиГъэIат а зэхэсхам. Уэлэхьи, уз зэрыщIалэ фIэкIа нэгъуэщI зэбгъапщэ хъун си щхьэ кьимыхьа я дакьикъым. Мыпхуэдэ «нысэ движенэщIэ» кьъжьам гулъэф хуэхъун хабзэщIэ гуэр кьъэгупсысын хэмеда пIэр? Апхуэдэ гуэрхэр Дагьыстэным кьыщащтауэ жаIэ, ауэ и пэжьпIэр сэкIыщIащ. Интернетми «сыкьигъэщIэхъуащ».

Дэтхэнэ юристми мыюристми ещIэ -анэм и ахъшэ- жьыуаIэр, адрейуэ яIэ мыпхуэм ещхьыркъабзэу, зэлI-эзфызым я зэхуэдэу зэрыщытыр, ар зытебгъэкIуадэ хъунымрэ кьыпхуамыдэнымрэ хабзэкIэ щIагъэбыдащ. Адыгэр жьыпIэм зэрыхэгъуаеу я хабзэ «Уэ-хьэ-хьанрI- икIэщIыпIэкIэ зыгуэрым укьызыхураджэ макъыщ, Тхьэм куэдрэ фIыкIэ драджэну кьыщIигъэкI зэрыадыгэ пIэпкъыу. Ауэ нобэкIэ ди нэгу щIэкIыр щIагъуэкIыж. Адэ-анэм зэдамыпIам, пIэпкъым хамэ хуэхъуам уэзэхуэпсэн хэпIыкъым. Бахъэ-гъэ кьыщемыжьы Кьэбэрдейм щызэпIэщыкъыжьым, жаIэу щытащи, фымыбэлэгрыгъ, си гъэпкъэгъу лъапIэхэ! Хьэмэрэ мы кьэсIуэта гукъеуэм хуэдэ фи унагъуэм иIу, Iуэху куэд хуэзыгъэжьа а цIыхум аргуэру сыхуэзауэ кьысфIощIри.

ПОЛИЩУК Иван.

Къалмыкъ БетIал

● ГукъэкIыжхэр

Къэралым и щытыкIэм тещIыхьауэ зызыхьуэжи политикэ Iуэхуэхэм щыхуэз дэжьакIуэхэм щIыхуэхэм хуаIэ епльыкIэхэр. ИтIани, Iуэхущафэ гуапэхэмкIэ зи щIэр тхыдэм кьыхэзыныкъэр гульытэнчэ пщIы хьунукъым. ЗэрыжаIэщи, уэрэдым псальэхэр пхуэхэдзыркъым.

РЕСПУБЛИКЭМ и цIыхухэм ягу кьэзгъэзIыжынут Къалмыкъ БетIал и щIэр, абы илэжьхаэр. Илъэси 120-рэ дэкIащ ар ХьэтIохьэщыкъуей Ещанэ (иджы Куба) кьуажэм мэкъумэшыщIэ унагъуэ тхьэмыщкIэм къызэрыщалъхурэ. Зэрысабийрэ зи гум захуагъэр щытепщэ, бгырысым и пагагъэр зыхэлъ БетIал, балигъыпIэ щиуцэм, кьыгурыIуащ. Урысейм къуэтмэ, Къэбэрдейм зыужьыныгъэ зэригъуэтынур. Коммунист гупсысэм зэщIищта щIалэм зригъэщIыхуащ, ныбжьэгъу кьищIащ большевикхэм яхэт Киров Сергей икIи цIыхубзм я гъащIэм зегъэхъуэжьи лэжьыгъэм пэрыуащ. Октябрь революцэм иужькIэ, ар Орджоникидзе Серго и гъуэгу, зэо хужьым пэщIэта къэбэрдей отрядым пашэ яхуэхъуащ.

1920 гъэм Кавказ ИщхьэрэмСовет властыр щагъэувэ нэужь, Бгырыс республикэ къуэнэхуащ. Къалмыкъ БетIалрэ абы и дэIуэгъуэмрэ, Орджоникидзерэ а илъэсым и гъэмахуэм Налшык зыгъэпсэхуакIуэ къэжIуа Сталинри ЦIыпкIыжьыгъэу, а республикэм Къэбэрдейр кьыхэгъэкIыным щIэбэнащ, икIи ар зрагъэхьуэлIащ. 1921 гъэм, фокIадэм и 1-м, Урысейпсо гъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ Налшык зи кьалащхьэ Къэбэрдей автономнэ щIыналъэ яухуэну. КьыкIэльыкIуэ илъэсым Балъкъэрри Бгырыс республикэм кьыхэкIыжри, Къэбэрдейм гухьащ. Облисполкомым и унафэщIу хаха Къалмыкъым и нэIэ щIэт Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьэщIэрэщIэж хъуащ. Экономикэр зэрыригъэфIкIуам кьыдэкIуэу, ар щIыхубзм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным телъэкIащ.

Гъэгуэгуэр, лъэмыжхэр ящIын щIадзащ. Апхуэдэ ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ Шэджэм, Бахъсэн кьалэхэм, Щхьэлыкъуэ, Малкэ кьуажэхэм. Прохладнэ кьалэ кIуэ гъэгъур ирагъэфIэкIуащ.

Кьуажэхэм кьыщызэIуахащ пэщIэдзэ щколхэр, щцыхьэщхьэкIэ Iэрэ балигъхэр тхэкIэ, еджэкIэ Iэрэ зыгъэрагъасэ пэшхэр. Абы сыт щыгъуи щIэхъуэ щIэтхэр газетхэмрэ журналхэмрэ я кьыдэкIыгъуэхэр, шахмат, шашкэ ущыджэгуи хьурт.

Налшык кьыщызэIуахащ Ленин еджапIэ кьалэ цIыкIур (ЛУГ). Абы щыIэжьэну къралгъэлIэгъащ егъэзджакIуэхэр, зыкъомрэ зыбжанэм электростанц цIыкIуэхэр щагъэуващ.

Ухуэныгъэхэр екIуэкIырт. Апхуэдэхэщ, цемент щагъэж, унэльащIэ щащI «Чинарыр», Дохъушыкъуей и спирт заводыр, IэфIыкIэ кьыщыщIагъэкI фабрикэр, Кавказ ИщхьэрэмщыщIрыгуэ ды комбинатыр. Щколхэр, педагогикэмкIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ, фельдшерымкIэ, щэнхабзэгъэнахуэхэмкI училищэхэм, щэн-къэщэхунымкIэ техникумым папщIэ общежитхэр яухуащ. Кьуажэхэм кьыщызэIуахащ медицинэ Iуэхущ-IапIэхэр, клубхэр. Совхозхэр, спортым зыщыкъуагъэкIэ секцэхэр къэунэхуащ. Яп лъахэхутэ музейр, лъэпкъ театрыр яухуащ.

1932 гъэм Псыхуабэ кьыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Педагогикэ институтыр. А зэманым ирихьэлIэу, Налшык, Зольскэ лъэныкъуэмкIэ, щащухуэрэ институтыр щызэхэпхащ. Абы и фэеплъым сыблэкIыху, си гур мэпсэху, си щалэгъуэм сыГущIэжауэ, республикэм Iуэху куэд хуэзыгъэжьа а цIыхум аргуэру сыхуэзауэ кьысфIощIри.

ЦIыхубэ хозяйствэмрэ щэнхабзэмрэ щызэригъэхьулIахэм сыкьэзгъэкIуэу, КъБАО-м Ленин орденыр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. 1936 гъэм и дыгъэгъазэм щIыналъэр Автоном республикэ хъуащ.

Къалмыкъыр зымыщIыху Къэбэрдей-Балъкъэрым истэкъым. Сэ яп классым сыщеджэрт, ар япэу щысльэгъуам. Колхоз лэжьыгъэхэм кIэлъыплъыну Зольскэ кьуажэм къэкIуат. Уеблэмэ, гъавэ Iухьжьымэ езыр яхьхьэрт - ди гъунэгъу кьуажэм нартыху кьыщыдичыжауэ щытащ.

Налшык педучилищэм сыщIэтIысхьа нэужь, сэ щIэх-щIэхьыурэ сыхуэзэ хъуащ республикэм и пашэм. ЕджапIэм и Iуэху зытетыр зригъэщIэну нагкIуэрт, общежитым щаухуэкIэ кIэлъыплъырт. Илъэс кьэси студентхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэрт. 1938 гъэм, фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу, общежитым и ууэныгъэр и кIэм нагъэсыфатэкъыми, студентхэр щэтэрхэм нэху дыкьыщкIын хуей хьуауэ щытащ. Ар БетIал щильагъум, зи мычэму зыгъэпсэхутIуэ кьыдитри, дыззэгригъэкIыжат. Уэуэныгъэрги зэман кIэщIым яухат. Къалмыкъыр, уеблэмэ езыр щэтэрым нэху кьыщекIырт, уухакIуэхэр Iуэхум хигъэпIащIэн щхьэкIэ. А псор общежитым и комендантым кьытхуиуэгъэхат.

Къалмыкъ БетIал кьыщикIуэкIыжкIэ автомобиль псыщIэкIэ Iуэгу щытекIэжкIэ, хьумакIуэ зыщIигъуртэкъым. ГъэгурыкIуэ кьыхуэззэмэ, ар здежьам нигъэсырт, я псэукIэм щIэупщIэрт. Зэгуэрым, си анэшхуэри Светловодск кьикIыжу, БетIал ирихьэлIэри, кьыздишэжат: «Ленинym и щIыхуэ нобэ унэм сыкьэзыпизжар, БетIалIу», - гуфIэу кьащIыхьжат ар.

1938 гъэм и щэкIуэгъуэм зэIущIэ махуэшхуэ едгъэкIуэкIыт. Республикэм и пашэм хуэгъэза кьегъэблагъэ псальэр жьIэн кьалэн гуапэр кьыслъысат. Училищэм щеджэхэр Къалмыкъым и трибунэм щыблэкIым ину сыкьэхIиящ: «Адыгэ лъэпкъым и къуэпакIэ, Къалмыкъ БетIал, кьытхуеблагъэ!», - жысIэри. Ар кьызэпIущ, пыгуфIыкIри, Iэ кьищIащ. Апхуэдэущ ар сигу кьызэринар.

Скульптор ТхъэКIумащIэ Михаил къехъулIащ Къалмыкъым и теплъэр нэсу кьыгъэльэгъуэн. Абы и фэеплъым сыблэкIыху, си гур мэпсэху, си щалэгъуэм сыГущIэжауэ, республикэм Iуэху куэд хуэзыгъэжьа а цIыхум аргуэру сыхуэзауэ кьысфIощIри.

ПОЛИЩУК Иван.

Кавказ зауэр гъэрхэм я нэкІэ

● Тхылъыщіэхэр

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхыль тедзапІэм «Кавказ» серием хьыхьу кьышыджІащ «В плену у горцев» зыфІаща, томитІ хьу лжьыгъэ купщІафІэ. Ар дунейм кьытехьащ Печатымрэ хьыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ федеральнэ агентствэр и дэІэныкъуэгъуу, «Урысейм и щэнхабзэ (2012 - 2018)» федеральнэ программэм хьихьу. И бжыгъэр минитІ мэхьу.

«…БЛЭКІАМ и лъагъуэ псоми урикЇуэфынукъым», - жиІэгъащ Рерих Николай. Ауэ абыхэм яхэтщ ублэкІынкІэ Іэмал зимыІэхэр, зэгупсысыпхъэхэр. КьэхьукъащІэхэр лъэныкъуабэу зэпкърыха е и пэжыпІэр бзыщІыпа мыхъун щхьэкІэ и кьэгъэшыпІэ псоми зыщыбгъэгъуэзэныр захуагъэщ. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ лъэпкъ псохэм мыгъуагъэ кьахуэзыхьа зауэхэм я тхыдэр щаджкІэ, и пэжыпІэр щыізхагъэкІкІэ. Политикэм е идеологиемрэ тешІыхьауэ хьагусыса хьыбархэм, шыпсэхэм щІапІыкІа щІэблэр захуагъэм, пэжыгъэм пэІэщІэ мэхъу.

Къуаншагъэу Іуэхум хэпльагъуэхэмрэ ахэр уи жагъуэ зэрыхьумрэ зэран кьыщыпхуэхъу щыІэщ блэкІа жыжьэм и мызакъуэу, куэд мыщІауэ къэхъуа гуэрым и пэжыр зэхэбгъэкІынымкІэ. Кьапштэмэ, щІыху къэс езым иІэжщ пэжыр кьыІэрихуГэ ищалъэ гуэр, ар икІи къоэгъэ. А лъэныкъуэмкІэ кьыщІэкІынщ уэзрыбгъэдыхьапхъэр Кавказ зауэм щыгъуэ бгырысхэм я гъэру щыта щІыхуэхэм я гукъэкІыжхэм, литературэ тхыгъэхэм, Іуэхум ехьэлІа документхэм».

Апхуэдэу щатх Мариерэ Викторрэ тхылъым хуащІа, «Отбросив груз вины и обиды» зыфІаща пэублэ псалъэм. Кьыдэкіыгъуэм хьихьащ дэжьыгъэ пщыкІутху, абыхэм я нэхьыбэм иджырей щІэджыкІакІуэхэр щыгъуазэкъым - ахэр ильэси 100-150 хьуауэ кьыдагъэкІыжакъым. Тхыгъэхэр гъэщІэгъуэщ, иджыпстуи нэхьуеинщэу щІэзджыкІынуэр мащІэкъым.

Апэ томым ихуащ Петлюрэ Симон, Кофанов Максим, Екельн Лев, Беляев Сергей, Загорский Иван, Савинов Василий, Шипов Николай, Клингер Иван, Волконский Николай, Аничков-Платонов Евгений, Заринэ (Новиковэ) Екатеринэ, Державин Андрей сымэ я тхыгъэхэр. Ахэр кьызэщІекъуэж архивист Тютюнинэ Егение и кІэух псалъэм.

ЕтІуанэ тхылъым итщ Румянцев Иван итха «В плену у Шамиля», Вердеревский Евгений - «Плен у Шамиля» лэжьыгъэшхуитІыр, апхуэдэуи тхыгъэ гуэдзэну тху.

Тхыгъэхэр зэхуэдэкъым, зыныкъуэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэр, Іуэхуэхэр пэжкъым, уеблэмэ зыдыгъуауэ кьагъэлъагъуэхэр зыщыщ лъэпкъымкІи щыщыуэ кьохьу. Зытхахэм я щІэныгъэрэ зытепсэлъыхьым зэрыщыгъуазэмрэ елыгтащ. Ахэр псори а лІэщІыгъуэм, кьэралым и Іуэхуэхэр кьызэрыгуэкІщыхум и щхьэхуитныгъэм, и гъащІэм нэхърэ нэхъ лъапІэу щыщытам, и бынщ. Абы щыгъуэ зыри егупсысакъым къэкІуэнум, тхыдэ гукъанэхэр и щІыІу зэрыхьужьым. КІыхьу екІуэкІа зауэм хэтхэм кьаІуэтэжхэр кьаэзрыгурыІуэр, зэрызыхащІэр эш зэхуэдэнукъым, захуэ-кІуаншэм теухуауэ зы Іуэху епльыкІэмэ щІыхьуэхэр хуэкІэуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Пэжыр кьэзытГэпІыну хуейхэр, лъабжьэнщэ гукъанэхэм зыдрамыгъэхьхэу, абы нужь итынущ. XXI лІэщІыгъуэм дыкьыхуреджэ щІэныгъэм дыхуеІэну, дызэгурІуэу дыпсэну.

ИСТЭПАН Залиф.

● Футбол

АдэкІэ зэхьэзэхуэр къапоплъэ

Тыркум щригъэкІуэкІа етІуанэ зыгъэсэгъуэри «Спартак-Налшыкым» кьнухащ. Пщэдей ар ди республикэм и кьалащхьэм къэкІуэжынущ.

КЪЕЖЬЭЖЫН и пэкІэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм нужьрей зэныбжьэгъугъэ зэІущІэр Тыркум и Анталье щІыпІэм щрагъэкІуэкІащ. Абыхэм хьэрхуэрэгъу кьахуэхьуащ Украинэм и япэ лигэм щыджэгу Чернигов и «Десна» командр.

Ди щІалэхэм зэІущІэм жыджэру кьыщІадзащ икІи ещанэ дакьинкъэм Сиradзе Давид дигъэкІа топым и фІыгъэкІэ япэ ящащ. Дакьинкъэ пІощ дэкІри гуэм гъуащхьауэр аргуэру кьыхэжаныкІащ.

2:0-у «Спартак-Налшыкыр» япэ зэрищам черниговдэсхэр нигъэдзыхакъым. ЗэІущІэр зэпагъэуным ипэ кьихуэу, дакьинкъым кьриубыдэу, абыхэм бжьигъэр зэхуэдэ ящІыжащ.

Джэум и Іыхьитіым и зэхуакъум зэрызагъэпсэху дакьинкъэ зыбгъупщІым ди щІалэхэм зыззщІаубыдэжащ. Кьихьэжа нужькІэ абыхэм аргуэру бжьыпэр яубыдыжащ, арщхьэкІэ зыкъомрэ бжыгъэм зрагъэхьуэжьафэкъым. Ар щахузэфІэкІар 75-нэ дакьинкъэрщ. Киреев Игорь лъэщу зэуа топым «Десна»-м и гуащхьэтетыр пэлъэщакъым.

Абы нужькІэ лъэныкъуэпРи кьыхэжаныкІыфакъым. Арати, джэгур 3:2-уэ нухащ, налшыкдэсхэр текІуауэ.

Зэрыхуэбгъэфащэ хьунумкІэ Чернигов и «Десна»-м дагъэджэгуахэращ гъатхэпэм и 9-м щІэзыдзэжыну Урысей Федерацэм футболымкІэ япэ дивизионым и пэщІэдзэ зэІущІэм дитренерхэм кьрагъэхьэнур. Мис ахэр: Цыган, Суслов (Мэкъуауэ), Костин, Зинович, Джикие (Абазэ), Киреев (Мэкапелие), Щауей (Чуперкэ), Галин (Рябоколенкэ), Рухана (Султонов), Сиradзе (Бажэ), Панюков (Болэ).

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Кикбоксинг

Борсэ Астемыр и дыжьын медаль

Щэджэм кьалэм Олимп резервхэр щагъэхьэзыр и сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и гъэсэн Борсэ Астемыр Къэрэшей-Шэрджэсым и Теберда кьалэм щекІуэкІа кикбоксингымкІэ Урысей чемпионатым дыжьын медаль кьыщихьащ.

УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Европэм, дуней псом тІэунейрэ я чемпион Борсэ Астемыр етІуанэ зэрыфІэмыкІыфам и щхьэусыгъуэу кьалъытэ ар кг 54-рэ хьэлъагъ зиІэ гупым хэкІыу, кг 57-рэ хьуэм зэрахьихьар. Спортсменым и гъэсакІуэхэм кьызэралъытэмкІэ, ипэжыпІэкІэ аращ абы кІэух зэІущІэр кьыщІимыхьыфар.

Олимп резервхэр щагъэхьэзыр сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и унафэщІ КІэдыкІуей Руслан и фІыщ мэхъу Борсэ Астемыр-текІуэныгъэ-щІэхэм куэдрэ дызэрыпимыгъэплъэнур, абыкІэ дызэригъэгуфІэнур. Мыгувэу спортсмен цІэрыІуэр хэтынущ дуней псом, Европэм и чемпионатхэм кІуэнуэр кьыхэхьынымкІэ зыгъэсэныгъэхэм.

МЭРЕМКЪУЛ Динарэ.

● Щіэныгъэ

Ныбжьыщіэхэр ирагъэблагъэ

КъБКъУ-м медицинэмкІэ и колледжым щекІуэкІащ «Бжэ зэІухам» и махуэ.

ИРАГЪЭБЛЭГЪА Лашынкьей дэт курыт школ №1, №2-хэм я еджакІуэхэр щыгъуазэ ящащ ди республикэм и еджапІэ нэхьыжь дыдэхэм зэщыщ зыуэ щыт медколледжым иІэ кьудамэхэмрэ абыхэм щрагъэгъуэт Іэщагъэхэмрэ, студентхэм ядж дерсхэр зыхуэдэхэм, мы еджапІэм кьыщІэтысхьэну хуейхэм иджыпсту щыщІэдзауэ зэрызэрагъэхьэзырыну щыкІэхэм, нэгъэущІхэми. ИуэкІэ колледжым и егъэджакІуэхэм жэуап гъэхуа ираташ езы медицинэм дихьэх школакІуэхэр зыгъэпІейтей упщІэ куэдым. Ахэр теухуат гъэсэныгъэм, студентхэм я зэхэтыкІэ хабзэхэм… Гуапэу ирагъэкІуэкІа апхуэдэ зэпсэльъныгъэхэр зэфІэкІри, школакІуэхэр ирагъэплъащ медколледжым щІэх-щІэхыурэ щрагъэкІуэкІ нэгъэзыужь пшыхьхэм, гуфІэгъуэ зэІущІэхэм, зэхьэзэхуэхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм трахауэ я гъэтІылыгъэ фондым хэль «Зи Іэщагъэм хуэІэижь», «Студент гъатхэ», «Студент гъащІэм ухэзыгъэгъуазэ» видеофильмхэм.

Еджакіуэ цыкІухэм колледжым и еджапІэ пэш псори кьызэхакІухьащ икІи щІэдзэуащ абы щезыгъаджэ дохутыр Іэзэхэм я псальэрэ хэнджэщрэ. Псом нэхъ гъэщІэгъуэн ящыхьауэ, кьапштэмэ, куэдрэ зэпапльыхьащ иджырей мардэхэм тету практикэ дерсхэм кьыщагъэсэбэп щапхьэхэр (муляжхэр).

Мы махуэм ныбжьыщІэхэр хагъэхьуэзащ «Медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм кьыщагъэсэбэп технологиеХ», «Медсестрам и лэжьыгъэр кьызэрызэрагъэпэщ», нэгъуэщІ уиэтІыныгъэхэми. «Бжэ зэІухам» и фІыгъэкІэ школакІуэхэм хьэлэмэт куэд кьащІащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Щапхъэ

Ди зэманым и лІыхъужьхэр

Ахэр дэ тщыщщ. Абыхэм яфІэфІкъым я лІыгъэм тепсэлъыхьыну. Ауэ лІыхъужьхэр щыхубзм ящыхупхэщ.

«Ди зэманым и лІыхъужьхэр» Іуэхур хахуагъэ зезыхьахэр, я псэ емыблэжу лъэпкъым, хэкум хуэлажьэхэр, щІэблэм щапхъэ яхуэхьуэхэр зэкъуагъэуэзэн папщІэ кьызэрагъэпэщащ «Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардиер».

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс 70 ириКъуа Мейнстер Лев Украинэм кьикІри, автомашинэкІэ Іуащхьэмахуэ куейм щыпсэу и ныбжьыгъуэм деж хьэщІапІэ кьэкІуэр. Зэныбжьэгъуэхэр зэхуэхуэу зэбгъэдэсэ нужь, Лев и гъуэгу хигъэщІу адэкІэ екьэжащ. Ар Тырныауз дэжри Шэджэм пЪэныкъуэкІэ нунэтІауэ - Бахьсэн - Азау- федеральнэ гъуэгум тежри, псы екэхьм хэхуащ. Метр 500-м щІигъуКІэ машинэр псым ихьащ. Гъуэгурыкіуэ куэдым яльэгъуами, кьэрыбІауэ кьэхьлъм кІэпльыпльхэр гъунэжми, псым итхьэлэ дадэр кьригъэзыну зэпуэзизычар Исльэмей кьуажэщ щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 34-рэ ирикъу Гъукіэ Руслан щ. Ар-щхьэкІэ, щІалэщІэр псы узрым пэмыльэщу-рэ итхьэлащ.

Абы ирихьэлІэу Гъэзгу пльырым и инспектор, полицэм и лейтенант Нэгъуей Рэмэзан Палшык пэжьапІэ кІуэ пэтрэ ар щиІыгъуи, икІэщыпІэкІэ ГИБДД-м хьыбар яригъащІэри, МЧС-р кьагъэкІуэну яхуиІуэхуащ.

Гъэзвэгъуэр кьыщыхьуа щІыпІэм псынщІэу къэса МЧС-м и лэжьакІуэхэм машинэр псым кьащІыхуэмыхьыжым, Нэгъуейм псым зыхидзэщ, машинэ абджкІр икъуэтэри, лІыжьыр псы Іуфэм кьыхьэсащ.

Машинэр щыхупІэм ехуэхьуу, сыхьэт ныкъуэм щІигъуэ псы щІагъым щыІа пэтми, дадэм кьыщыщІалатэркъым, укъэзыхьуэмэ щхьэнтэхэм ар быдэу дакъуза мыхьумэ.

Украинэм щыщ дадэм и узынщагъэм иджыпсту ущІытегуэзвыхьын хэтъыжкъым.

«Сэ илъэс куэд щІауэ машинэм сыдэсщи, а кьэхьуамэ сыпэтъэщынкІи хуэдэу кьысщІыхьат, ауэ Бахьсэнрэ уэрыщІэу кьыщІэкІащ. Ди щІэзыщэу хузощІ, си щхьэ нэхьыфІщ жимыІэу, псэзэпыльхьэпэм сыкьнэщыща щІалэм», - жеІэ Мейнстер Лев.

«Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардиер» и къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Зэхьэзэхуэхэр

ІуэрыІуатэр зи гъуазэхэр

Илъэс къэс, хабзэ зэрыхьуам тету, Джылахьстэнейм щрагъэкІуэкІ «Тэрч джэгухэр» зыфІаща Іуэрыіуатэ-дунеепльэ зэхьэзэхуэ.

РАЙОНЫМ ит курыт еджапІэхэм лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм теухуауэ ябгъэдэлъ щІэныгъэмрэ Іэзагъымрэ утыку кьыщрахьэ щІыналъэ зэпеуэм фІы и фІыжьы зыкъыщагъэлъэгъуащ Тэрч кІаІэ дэт СОШ №2-м и гъэсэнхэм.

5-нэ классым щеджэ сабийхэр дэбгъэзн щымыІэу щыджэгуащ «Бэдынокъуэ нартхэм кьахилъхьа хабзэфІым» кьытращІыкІа спектаклым. КъыдэкІуэтей щІэблэм щапхъэфІ яхэпщэныр, ди лъэпкъ хабзэхэм яІэ мыхьэнэм и лъагагъир кьэгъэлъагъуэныр зи купщІэу щыт мы зэхьэзэхуэм апхуэдэу иІащ нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэри. Абдыхэм ящыщт «ЗекІуэ гъуэмылэ» фІэщыгъэм щІэту ирагъэкІуэкІа зепеуэр. Ар лъэпкъ шхыныгъуэхэм ехьэлІат.

«Си лъахэ» унэтІыныгъэм еджакІуэ цІыкІуэхэм щагъэлъэгъуащ адыгэ унагъуэхэм зэрахьэу щыта хьэпшып зымылІэужьыгъуэхэр.

Бжьыпэр зыубыдахэр республикэпсо зэхьэзэхуэм хэтынущ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

КъБР-м и гупыр етІуанэщ

Урысейм и Кубокым щыщІэбэна бзэкІэ хуитымкІэ зэхьэзэхуэ Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым махуитІкІэ щекІуэкІащ. Абы бжьыпэр щаубыдащ Дагъыстэным и спортсменхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзэкІуэхэр етІуанэщ.

● Бзэнэкіэ хуит

КОМАНДЭ-щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэр ильэсым и кІэрщ щрагъэкІуэкІ хабзэр. Арщхьэкіэ, кьэралым и кубок зэпеуэр щхьэусыгъуэу гуапэкІэ ягъэІэпхьуащ икІи КъБР-м спорт бзэнкІэм и лъабжьэр щыгъэтІылъахэм ящыщ Хьанычэ Мухьэмэд и юбилейм - и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур щигъэльапІэм - ирырагъэхьэлІащ.

Зэхьэзэхуэр кьыщыізэІуахьым япэу псалъэ иратащ Мэзкуу кьикІа хьэщІэ лъапІэ УФ-м спорт бзэнкІэмкІэ федерацэм и кьэрал тренер Агаев Эрик.

- Илъэс 12-м кьриубыдэу яджы япэу Урысейм и Кубок зэпеуэр Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым зэрыщІэкІыр икъуэкІэ гуапэ сщыхьауащ. Дызыпэплъэ текІуэныгъэхэр зыІэрыдгъэхьэну, Урысейм и Кубок зэпеуэм кьрихьэлІа судьяхэм я кьалэныр захуагъэ хэлъу зэфІахьыну сыщогугъ, - жиІащ къэрал тренерым. Урысейм спортымкІэ и министерствэм, БзэнкІэ спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ федерацэм кьабгъэдэкІыу Хьанычэ Мухьэмэд ар екъуэхьуащ икІи щыхьх тхылъэр саугъэтэр иритащ.

Лэкэн районым щыщ командхэм зэхьэзэхуэм кьрихьэлІа Арщыдан къуажэ администрацэм я лІыкІуэхэм юбилаерым ипаІэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэащ, фэепІэ саугъэтхэмкІэ егупащ. Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм Хьаныч Мухьэмэд иритащ «Советыдзэр Афганистаным кьызэрырашыжрэ илъэс 25-рэ ирокъу» юбилей медалыр.

Илъэс 70-р зыгъэльапІэм екъуэхьуащ, бзэнкІэ хуитым республикэм нэхъри зэрызыщиужьыну, спортсменхэм екъуэдІэныгъэхэр кьаэзрыпэплъри и фІэщ зэрыхьэр жиІащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и кьуэдзэ Мамхэгъ Хьэчим.

Зэхьэзэхуэм и япэ махуэм ди бзэнкІуэхэр Краснодар крайм, Якутием я командэ кьыхэхахэм, Урысейм и студент зэгухьэныгъэм и командэм ефІэкІащ.

КІэух зэІущІэм кьрикІуахэмкІэ Урысейм и кубок зэпеуэм Дагъыстэным и командэр щытекІуащ. КъБР-м и командэ кьыхэхам етІуанэ уэвпІэр кьихьащ. Урысейм и студент зэгухьэныгъэм и бзэнкІуэр ещанэщ.

Урысейм и Кубок зэпеуэр, мы гъэм и мэхьуауэгъуэм Якутск щекІуэкІыну Урысейм и чемпионатым кІуэну зыхуэфащэр (1, 2-нэ уэвпІэхэр) кьащыхьах зэхьэзэхуэщ. КьащыпэмащІауэ, япэ уэвпІищыр кьэзыхьахэмрэ призэхэмрэ бзэнкІэ хуитымкІэ Урысейм спортымкІэ и мастерым и мардэхэр ягъэзэщІащ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм и спортсменхэм медалитху щызыІэрэзэхьащ. Хьром Атмир дыжьынкІэ кьылъысащ. Машгэ Расул, Абэикъуэ Алан, Мер Арсен, Щоджэн Азрэт сымэ жэз медалхэр кьахьащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

Бгыхэм уадекІурэ?

● Щіалэгъуалэ

«Бгыхэм уадекІуу» фІэщыгъэм щІэт щІалэгъуалэ проектым иджыблагъэ лэжьэн щыщІидзащ КъБКъУ-м. «Мэшыкъуэ-2013» дунейпсо щІалэгъуалэ форумым кьадІыигъа мы Іуэхугъуэр хуэунэтІащ кьуажэдэс щІалэгъуалэм творческэ зыужьынымкІэ етыным.

ІУЭХУМ ипкъ иту мы махуэхэм Эльбрус жылагъуэм щекІуэкІа семинарым кьрагъэблагъэ щІалэгъуалэр хэтащ концерт программэхэр, фестивалхэр, псапащІэ акцэхэр, зэхьэзэхуэхэр егъэкІуэкІынымкІэ, сценарийхэм уаэзрелажьынымкІэ кьызэрагъэпэща мастер-классхэм. Апхуэдэу абы щекІуэкІащ уэрэд жыІэнымкІэ, кьэфэнымкІэ, зыкъэгъэльэгъуэнымкІэ дерс щхьэхуэхэр. Кьудамэ кьэс зи Іэщагъэм ФІыуэхэзыщІыкІ экспертхэр щылэжьащ. Абыхэм яхэтащ Дзэгъащтэ Азэмэт (пародиемкІэ), Овдиенкэ Юлэ (режиссурэмкІэ), Карцевэ Дианэ (бальнхьафхэмкІэ), нэгъэущІхэри.

Семинарыр гала-концертКІэ ихуащ.

КъызэгъэпэщакІуэхэм къызэралытэмкІэ, щІэрыщІагъ зыхэлъ мыпхуэдэ дерсхэм щхьэхбзэмрэ гъуазджэмрэ дихьэх щІалэгъуалэм я дежкІэ мыхьэнэ ин иІэщ.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

● Щіалэгъуалэ

Административнэ хабзэр къызэпывудамэ, къуэды фтелъмэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ лъэныкъуэ куэд кьызэщІэзыубыдэ и центр» къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм зэрыгуІуэныгъэ ирищІыллащ.

ИДЖЫ цІыхуэхэм административнэ хабзэр кьызэпаудамэ, ГИБДД-м кьытрилъхьа кьуэдзэр зэрирыпщынам теухуа хьыбарыр зыІэрагъэфынущ икІи ятель щыхуэр Къэрал Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ куэд кьызэщІэзыубыдэ центрым щыхалъхьэфынущ мы хэщІапІэм:

Налшык кьалэ, Хьураным и цІэр зезыхьэ уэрам, 9.

Зэрылажьэр: *блыщхь - мэрем махуэхэм сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэт 20-м нэсыху, щэбэтым - сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ сыхьэт 18 хьуху.*

Телефоныр: (8662) 42-10-21, факс: (8662) 42-09-15

Интернет-сайт: www.mfckbr.ru, www.мфцкбр.рф.

Электроннэ пощт: hotline@mail.mfckbr.ru

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныдзэ Замирэ, Хьжькьаэр Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэм и хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щІихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ шысмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехьэм изу жэуап ихь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтекъу зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынымрэ и щІэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мжьыдуэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору ЖылаСэ Заур, корректорэу Афэ Тамарэ *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №414